# KIPP Academy Boston Elementary School
# (Lekòl Primè)
# KIPP Academy Boston Middle School
# (Lekòl Segondè)

*Manyèl pou Elèv & Fanmi*

*2022-2023*




**REVIZE nan dat 10/2022**

*W ap jwenn vèsyon papye a nan resepsyon an. Si ou bezwen yon lang ki pa anglè, tanpri fè konn sa nan resepsyon an.*

*Kontni an ka chanje. Tank nou ap aprann plis sou fason pou kenbe elèv ak anplwaye nou yo an sekirite pandan COVID-19 la, tanpri sonje ke gen kèk aspè nan manyèl sa a nou ka revize pou adapte l ak dènye rekòmandasyon nou resevwa nan men ekspè sante piblik ak edikasyon yo. Tanpri gade sit entènèt nou an ak lèt nou voye lakay ou yo pou w jwenn dènye enfòmasyon yo.*

# Tab Kontni

**Anyè Lekòl la** 4

**Misyon ak Vizyon nou** 5

Vizyon nou 5

Misyon nou 5

**Kont Diskriminasyon** 5

**Angajman nou pou Fanmi Imigran yo** 5

**Règleman lekòl la** 18

Orè fonksyonman lekòl la 6

Fèmti pandan Move Tan 6

Règleman sou Prezans 6

Reta & Ranvwa Antisipe 7

Rejis Devwa & Lekti 8

Fèmti Kanpis la 8

Moun ki prezante sentòm ak/oswa yo dyagnostike ak lòt maladi oswa Maladi Enfektye. 8

Espas Pataje 8

Nitrisyon 9

Kòd abiman 11

Konsekans inifòm 11

Telefòn Pòtab ak Lòt Aparèy Elektwonik 12

Règleman sou Rezo Sosyal 12

Itilizasyon Entènèt & Teknoloji 13

Siveyans Videyo 14

**Politik Akademik** 14

Règleman sou Nòt 14

Rapò sou Pwogrè ak Kanè 14

Règleman sou Pwomosyon 14

Lòt Sipò Akademik 15

Disponibilite nan Pwogram Akademik pou Elèv ki Ansent 16

**Kòd Konduit** 17

Objektif 17

Dirije ak Lanmou 18

Reponn a enfraksyon konpòtman ak lojik 18

**Pwosedi Sispansyon & Ekspilsyon** 19

Sispansyon nan lekòl la (ki pa Ranvwa sou Plas) 19

Sispansyon Andeyò lekòl la (ki pa Ranvwa sou Plas) 19

Dwa Elèv ak Paran nan Avi sou Sispansyon Andeyò Lekòl la* 19

Dwa Odyans nan Sispansyon Akoutèm 20
Sispansyon alontèm: Odyans ak Apèl 21
Dwa Odyans 21
Apèl pou Sispansyon Alontèm 22
Ranvwa ann Ijans 22
Sèvis Edikasyon Pandan Ranvwa yo ak Plan Sèvis Edikasyon nan Tout Lekòl la 23
Ekspilsyon 23
Pwosedi ekspilsyon 24
Avi pou Elèv ak Paran yo Menase Ekspilse pou Posesyon Zam Danjere oswa Sibstans Kontwole, oswa Atak sou Pèsonèl Edikasyon (anba GL c. 71, s. 37H) 24
Avi pou elèv ak paran yo menase yon sispansyon oswa ekspilsyon ki gen rapò ak chanjman oswa krim delenkans, rezilta, oswa rekonesans kilpabilite kriminèl (GL c. 71, s. 37H ½) 24
Sèvis Edikasyon Apre Ekspilsyon ak Plan Sèvis Edikasyon nan tout lekòl la 25
Disiplin pou Elèv ki Gen Bezwen Espesyal 26

**Sòti sou Teren/Sòti nan Fen Ane** 26

**Fimen: Règleman Zewo Tabak** 27

**Konpòtman nan Bis** 27
Konsekans pou Vyolasyon ki gen rapò ak Transpòtasyon 28

**Okenn Otomobil K ap Mache Oralanti** 28

**Triche/Kopye kole** 28

**Edikasyon Seksyèl & Enfòmasyon sou Refi** 29

**Anti-brimad** 29

**Zam** 29

**Rechèch sou Elèv** 29

**Plan Prevansyon & Entèvansyon kont Entimidasyon** 29
Apèsi sou lekòl la 29
Definisyon 31
Pwosesis plent 31
Entèdiksyon kont entimidasyon ak vanjans 36
Aktivite akademik ak aktivite ki pa akademik 36
Apèl 37
Devlopman Pwofesyonèl 38

**Règleman sou Ansèyman Adomisil ak nan Lopital** 39

**Règleman sou Edikasyon Elèv Sanzabri** 40
Edikasyon timoun sanzabri 40
Enskripsyon pou timoun ki sanzabri ak jèn yo 40
Lyezon Edikasyon pou Moun ki Sanzabri 41

**Divilgasyon Enfòmasyon sou Elèv yo** 41

Notifikasyon sou Dwa Selon  Amannman sou Pwoteksyon Dwa Elèv yo (Notification of Rights Under the Protection of Pupil Rights Amendment, PPRA) 41
Avi FERPA 42
Aksè nan Dosye Elèv yo 45
Jounal Aksè 45
Aksè pou Elèv ak Paran ki Kalifye 46
Aksè Pèsonèl Otorize Lekòl la 46
Aksè yon Twazyèm Pati 46
Pwosedi Aksè pou Paran ki pa Gadyen 47
**Edikatè ki Trè Kalifye** 48
**Avi AHERA** 48
**Pwosedi pou Depoze Plent** 48
Plent Konsènan Vyolasyon Lwa oswa Règleman sou Lekòl Prive sou Kontra yo 49
Plent Konsènan Vyolasyon Lwa Eta oswa Lwa Federal 49
Plent Konsènan Asèlman oswa Zak Diskriminasyon 49

# Anyè Lekòl la

37 Babson Street
Mattapan, MA 02126
Telefòn: 617-393-5682
Faks: 617-652-7461

| Pwoblèm | Non | Tit | Imèl | Nimewo Telefòn |
|---|---|---|---|---|
| **Non-Diskriminasyon: Nenpòt Fòm** | Zach Meisner | Principal | zmeisner@kippma.org | 617-388-3898 |
| **Non-Diskriminasyon: Seksyon 504** | Peter Perry-Friedman | Manadjè Edikasyon Espesyal | pfriedman@kippma.org | 617-388-1960 |
| **Non-Diskriminasyon: Tit IX** | Katherine Kiley | Kowòdonatè Tit IX | title9@kippma.org | 781-824-0998 |
| **Rapò Entimidasyon** | Vanessa Meji | Dwayen Elèv yo | vmejia@kippma.org | 781-971-2889 |
| **Lyezon edikasyon san kay** | Katherine Kiley | Lyezon edikasyon san kay | kkiley@kippma.org | 781-824-0998 |
| **Notifikasyon Pwofesè ki trè kalifye** | Zach Meisner | Direktè | zmeisner@kippma.org | 617-388-3898 |
| **Jesyon AHERA** | Charles Edward Clark | Direktè Etablisman | cclark@kippma.org | 617-549-6731 |
| **Tit IX** | Katherine Kiley | Kowòdonatè Title IX | title9@kippma.org | 781-824-0998 |
| **Pwogram Sante Enfimyè lekòl la** | Michelle Sealy | Enfimyè lekòl la | msealy@kippma.org | 617-393-5683 |
| **Front Desk** | Nydia Lopez | Kowòdonatè Biwo | nlopez@kippma.org | 617-393-5682 |

## Misyon ak Vizyon nou

**Vizyon nou**
Pou chak timoun grandi ak libète pou kreye avni li vle pou tèt li ak pou kominote a.

**Misyon nou**
Nan tèt ansanm ak fanmi ak kominote yo, n ap kreye lekòl kè kontan, ekselan nan domèn akademik ki prepare elèv ki gen konpetans ak konfyans ki nesesè pou pouswiv chemen yo chwazi a - inivèsite, karyè epi rive pi lwen- pou yo ka mennen lavi ranpli epi bati yon mond ki pi jis.

---

## Kont Diskriminasyon

Yo pap fè diskriminasyon kont okenn moun nan enskripsyon li nan Akademi KIPP oswa pandan li fè pati kominote Akademi KIPP a sou baz ras, sèks, koulè, relijyon, idantite seksyèl, etnisite, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa fizik, sanzabri, laj, pèfòmans fizik, bezwen espesyal, konpetans nan lang anglè a oswa yon lang etranje, oswa siksè akademik anvan.  Ni okenn moun pa bezwen sibi diskriminasyon pou li jwenn avantaj, privilèj, oswa aksè nan pwogram etid yo ofri nan Akademi KIPP.

Tout elèv, endepandan de ras, sèks, koulè, relijyon, idantite seksyèl, etnisite, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa fizik, sanzabri, laj, pèfòmans fizik, bezwen espesyal, konpetans nan lang anglè a oswa yon lang etranje dwe gen menm aksè nan pwogram edikasyon jeneral ak tout seri pwogram edikasyon yo ofri nan lekòl nou yo.

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte kowòdonatè konfòmite kont diskriminasyon annapre yo.

| **Diskriminasyon sou Nenpòt Fòm:** | **Seksyon 504:** | **Tit IX: Kontak Kowòdonatè a** |
|---|---|---|
| Tanpri kontakte direktè lekòl la, enfòmasyon pou kontakte l yo nan anyè kontak nan manyèl sa a. | Tanpri kontakte Manadjè Sipò lekòl la, enfòmasyon pou kontakte l yo nan anyè kontak nan manyèl sa a. | Tanpri kontakte Kowòdonatè Tit IX, enfòmasyon pou kontakte l yo nan anyè kontak nan manyèl sa a. |

---

## Angajman nou pou Fanmi Imigran yo

Nou konprann enkyetid anpil elèv ak fanmi genyen sou aktivite kontwòl imigrasyon sou lakou lekòl yo. Pou fè fas ak enkyetid sa yo ak pou asire ke kominote nou an santi yo an sekirite e pwoteje, politik KIPP se pa janm mande, ni konsève, okenn enfòmasyon ki gen rapò ak imigrasyon elèv yo oswa fanmi yo.

Anplis de sa, politik KIPP toujou...

- mande vizitè yo, san wete responsab imigrasyon yo, pou idantifye yo depi nan antre a
- fè w konnen si ajan imigrasyon k ap apwoche lakou lekòl la pou pale ak pitit ou oswa mande enfòmasyon sou pitit ou
- kenbe pitit ou a anndan bilding nan si nou gen nenpòt rezon ki fè nou kwè ke ICE ap tann pou pale avèk li tou pre a
- konekte fanmi w ak tout resous nou konnen
- bay konsiltasyon konsènan swen sante san poze kesyon

Pou nou asire nou ke n ap toujou kapab kontakte w nan ka kote gen yon ijans, tanpri asire w ke nou gen dènye enfòmasyon kontak ijans yo, sa ki gen ladan l enfòmasyon pou kontakte yon moun nou ka jwenn si nou pa ka rive jwenn ou menm oswa kontak ijans prensipal elèv la.

---

## Règleman lekòl la

**Orè fonksyonman lekòl la**

Nan pouswit ekselans, KIPP Academy Boston gen yon jounen lekòl pwolonje. Sa a bay elèv yo plis tan pou kwasans akademik ansanm ak anrichisman ki pa akademik. Li bay elèv yo opòtinite, tan, ak sipò ki nesesè pou yo pran etap pou reyalize potansyèl yo, ni akademikman ni kòm moun.

Orè lekòl nou yo se konsa:

- Lendi-Vandredi, jounen lekòl regilye a dire ant 7:30 AM ak 2:15 PM.

Pou ane lekòl 2022-2023 la, pral gen yon jou pou lage bonè chak mwa. Jou pou lage bonè sa yo reflete nan kalandriye lekòl la.

- Nan demi jou, jounen lekòl la dire ant 7:30 AM ak 12:00PM

Bilding lekòl la ap ouvri pou elèv yo a 7:15 AM lendi jiska vandredi. Yon woutin maten konsistan ka kritik pou yon bon jounen aprantisaj. Tout elèv yo ta dwe nan lekòl anvan 7:30 AM pou yo ka patisipe nan woutin maten nou yo. Elèv ki rive apre 7:30 AM ap fè elèv la make "reta". Elèv ki rive apre 7:35 am ki pa pran otobis BPS la ka pa elijib pou resevwa manje maten. Yo pral konsidere elèv ki an reta yo pa pwofesyonèl epi yo ka bezwen ratrape travay yo te manke pandan manje midi ak/oswa rekreyasyon. Elèv yo pa ta dwe nan lakou lekòl la apre yo fin lage lendi jiska vandredi san yo pa gen apwobasyon davans nan men lekòl la.

**Fèmti pandan Move Tan**

Nan ka move tan tankou gwo nèj, inondasyon, bwouya, oswa siklòn, tanpri koute estasyon televizyon oswa radyo lokal yo pou enfòmasyon enpòtan konsènan anilasyon jounen lekòl la. **KIPP Academy Boston swiv egzakteman menm règleman sou reta ak pwosesi ak sistèm Lekòl Piblik Boston yo pou anile jounen klas yo.** Si Lekòl Piblik Boston yo fèmen, KIPP Academy Boston ap fèmen tou.

**Règleman sou Prezans**

Etandone vitès rapid ak gwo atant pwogram lekòl KIPP Academy Boston an, chak jou lekòl enpòtan anpil pou aprantisaj yon elèv. Prezans chak jou obligatwa.

Fanmi yo dwe asire yo pitit yo lekòl la; tanpri pa kite pitit ou rate yon jou lekòl sof nan ka yon maladi grav oswa lanmò nan fanmi an. Sa nou konsidere kòm eskiz pou absans yo se si nou bay lekòl la dokiman medikal oswa dokiman ponp finèb. Twòp absans deranje aprantisaj elèv yo. Nou mande pou fanmi yo pa pran pwograme vakans oswa randevou ki pa ijan nan orè lekòl la. Sa yo ap konte kòm absans san eskiz. Sa ki pi enpòtan, absans yo ap ralanti pwogrè sosyal e akademik elèv la.

Tout absans elèv ki gen ladan l maladi, randevou, vakans, sispansyon ki gen rapò ak disiplin, elatriye konte kòm absans. **Si yon elèv depase 20 absans nan yon ane lekòl oswa 7 absans nan yon trimès, yo ka voye l tounen. Pou nou ka byen kalkile absans yo, 3 reta san eskiz = 1 absans.** Nou fè eksepsyon pou aparisyon devan tribinal ak dokiman apwopriye ansanm ak obsèvans relijye yo. Anplis de sa, elèv ki benefisye Seksyon 504 nan Lwa sou

Reyabilitasyon ("Seksyon 504"), Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (Americans with Disabilities Act, "ADA"), ak Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act, "IDEA") ap gen yon konsiderasyon si absans yo gen rapò ak yon kondisyon enfimite. Lòt eksepsyon ki ra ka aplike.

Pou ede nou asire ke elèv yo pa depase 20 absans nan yon ane lekòl, KIPP Academy Boston gen sèten règleman sou pye. Yo detaye pi ba a:

- Pou chak absans, KIPP Academy Boston ap kontakte fanmi an nan telefòn.
- Sou 3 & 5 absans, KIPP Academy Boston ap kontakte fanmi an epi mande yon reyinyon an pèsòn.
- Sou 10 absans elèv la, administrasyon lekòl la ap mande yon reyinyon ak fanmi elèv la, nan objektif pou devlope yon estrateji ki vize pou amelyore frekans prezans elèv la.
- Sou 20 absans elèv la, administrasyon lekòl la ap mande yon reyinyon fanmi pou diskite sou posibilite reyèl pou ranvwaye l akoz twòp absans si tandans aktyèl la ta dwe kontinye, an menm tan ak yon potansyèl entèvansyon Depatman Timoun ak Fanmi.
- **KIPP Academy Boston rezève dwa pou ranvwaye nenpòt elèv ki depase 20 absans.**
- Nan ka absanteyis, KIPP Academy Boston ka rapòte elèv la ak/oswa fanmi l bay sèten ajans leta oswa pote yon plent ofisyèl nan sistèm jidisyè a.

Elèv ki absan lekòl yo pa ka prezante oswa patisipe nan okenn evènman lekòl la patwone k ap dewoule nan jou absans la, sof si yo te jwenn pèmisyon davans nan men yon administratè lekòl la. Yo atann pou tout elèv ki poko gen 16 an konfòme yo avèk règleman lekòl la ak lwa ki aplikab ki prezan. Nan ka ki enplike twòp absans oswa lòt pwoblèm prezans, lekòl la ap envestige epi, si sa apwopriye, pran mezi jan otorize yo ak/oswa lalwa egzije sa.

KIPP Academy Boston kenbe dosye sou prezans li an avèk presizyon epi li ap mete dosye yo disponib pou enspeksyon Depatman Edikasyon Primè e Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) jan sa nesesè. Tout kesyon konsènan prezans elèv yo ak dosye prezans yo ta dwe adrese bay Biwo Administratè lekòl la ak/oswa Direktè a.

**Reta & Ranvwa Antisipe**

Nan KIPP Academy Boston, si yon elèv pa nan sal klas li a 7:30 AM pou nenpòt lòt rezon ki pa gen rapò ak yon pwoblèm ak bis lekòl li a, yo pral make li kòm reta nan dosye prezans nou yo. Elèv ki anreta yo dwe pase anrejistre nan biwo prensipal la anvan yo rantre nan klas la. Chak reta pral anrejistre sou kanè elèv yo. Si yon elèv anreta lekòl regilyèman, y ap envite fanmi an nan yon konferans kote ekip la ap travay pou jwenn yon solisyon ansanm.

Si yon elèv anreta lekòl regilyèman, y ap envite fanmi an nan yon konferans kote ekip la ap travay pou jwenn yon solisyon ansanm. **Angajman nou genyen ansanm ak ekip ak òganizasyon andeyò KIPP Academy Boston pa yon rezon pou kite lekòl la bonè.** Byenke nou konprann gen anpil aktivite enpòtan ke elèv nou yo ka patisipe, nou planifye jounen an ekspre pou ke chak moman enpòtan ak pou yo pa ta dwe rate, jan sa endike nan Angajman Ekselans lan. Granmoun k ap pase rekipere elèv la responsab pou asire elèv la jwenn devwa ak/oswa materyèl ki nesesè pou konplete travay yo rate a anvan yo ale. Elèv yo dwe ranvwaye nan biwo prensipal la epi yo dwe anrejistre avèk manm pèsonèl la nan sèvis la anvan yo kite. Nou t ap apresye yon notifikasyon nan men elèv la ak/oswa paran yo anvan elèv la ale lè sa posib, paske sa ap ede anplwaye KIPP Academy Boston nan konpile devwa, elatriye pou transmèt bay elèv la. Elèv yo ap rete nan salklas la, aktivman angaje nan aprantisaj yo jiskaske granmoun yo apwouve yo rive sou lakou lekòl la.

Si yo bezwen voye yon elèv lakay li byen bonè akòz yon chwa konpòtman grav jan sa endike nan Kòd Konduit la, yon paran dwe vini lekòl la, rankontre avèk direktè a ak/oswa pwofesè yo, epi retire elèv la sou lakou lekòl la. Yo pap ranvwaye elèv lekòl yo voye lakay yo pou enfraksyon konpòtman sof si paran an te vini fizikman nan lekòl la (gade Kòd Konduit la pou plis detay), sof nan ka kèk eksepsyon ki ra. Elèv ki nan pinisyon yo **pap** gen otorizasyon pou monte bis ki mennen lakay yo a, epi yon reyinyon avèk elèv la, fanmi ak pwofesè yo ap nesesè pou tounen lekòl la.

**Rejis Devwa & Lekti**

**Klas K2 - 4**

Elèv yo ap resevwa yon lo devwa chak semèn. Lo devwa a ap endike klèman ki devwa yo dwe konplete chak swa. **Chak swa, yon granmoun dwe verifye devwa yo pou asire ke yo konplè epi siyen swivi devwa yo**. Si yon timoun oswa yon fanmi gen kesyon oswa enkyetid sou yon devwa pou l fè lakay, n ap mande timoun nan oswa fanmi an pou **rele pwofesè a oswa tèks li menm sware** li gen pou fè devwa yo. Si pwofesè a pa kapab reponn imedyatman, tanpri voye yon tèks swivi oswa kite yon mesaj. Paran yo pa ta dwe rete tann jis nan demen pou rele oswa voye yon nòt, paske n ap konsidere sa kòm yon devwa "anreta" oswa "enkonplè".

> **Elèv yo pa dwe fè plis pase sa yo mande** yo fè nan pake yo. Objektif devwa pou fè nan kay la jwenn ti kantite pratik chak swa, ogmante kapasite w tikras pa tikras.
> **Fanmi yo dwe li ak pitit yo chak swa.** Ap gen yon jounal lekti chak semèn nan katab devwa yo kote yo mande elèv yo pou yo anrejistre tit liv yo konplete chak swa. Ap gen plizyè liv apwopriye nan sak liv chak timoun. **Pou rive "konplete" Jounal Lekti a, yon granmoun dwe siyen ke li te li liv la ak timoun nan.**
> *Nan kèk sikonstans, administratè lekòl la ka aksepte eksepsyon nan règleman devwa yo.*

**Fèmti Kanpis la**

Sou okenn pretèks yo pap pèmèt elèv yo kite bilding lekòl la, oswa itilize nenpòt lòt sòti sof sòti prensipal la san pèmisyon pandan jounen lekòl la. Yon elèv ki gen pèmisyon pou li kite ka kite sèlman anba eskòt ak sipèvizyon yon granmoun ki otorize - ki te prezante fizikman nan biwo prensipal la pou siyen pou yon elèv - sof si lekòl la te bay pèmisyon alekri alavans ki otorize depa poukont li. Yon fwa elèv yo te antre nan maten an, yo pa ka kite bilding lan sof si yon manm pèsonèl la eskòte yo.

## Règleman vizitè yo

Lè sa posib, vizitè yo ta dwe pwograme vizit yo pou asire li ka akomode. Vizitè yo oblije prezante yon fòm idantifikasyon nan biwo a lè yo rive, yo akonpaye pa anplwaye KIPP MA lè sa nesesè, epi yo dwe gen pas vizitè yo vizib tout tan.

**Vizitè ki apwouve yo**

- Sèvis Sipò pou Elèv - ki gen ladan konsiltan, founisè, konseye, travayè sosyal yo apwouve pou travay avèk elèv yo.
- Manm fanmi oswa sipò-ki gen ladan konferans fanmi, vizit nan salklas, ak lòt moun ki bay sipò pou elèv yo (jan gadyen legal la apwouve)
- Kominote pwolonje KIPP MA - ki gen ladan manm Konsèy KIPP MA, Fondasyon KIPP, donatè, ak patnè kominotè.
- Vandè ak founisè sèvis yo- enkli sèvis manje, founisè HVAC, sèvis gadyen, elatriye
- Vizitè akonpaye yo - ki gen ladan manm konsèy, manm kominote

**Vizitè entèdi**

- KOVID+ Moun oswa moun ki anba karantèn nan aliyman ak manda leta oswa lokal yo.
- Moun ki prezante sentòm ak/oswa yo dyagnostike ak lòt maladi oswa Maladi Enfektye.

**Espas Pataje**

Lekòl primè ak segondè KIPP Academy Boston trè kontan pou pataje menm espas youn ak lòt nan 37 Babson Street, Mattapan, MA. Se poutèt sa, tout manm nan kominote a bezwen byen reflechi epi demontre respè pou manm nan kominote kolektif nou an.

- Elèv yo dwe rete nan zòn yo deziyen pou yo a pandan yo lekòl la. Si yo jwenn yon elèv nan yon zòn ki pa deziyen, li ap peye konsekans lan jan sa endike nan Kòd Konduit Elèv la.

- Elèv yo dwe afiche yon konpòtman pwofesyonèl ak koutwazi chak fwa y ap deplase pou ale nan lòt pati bilding yo oswa pandan y ap mache ladan l.
- Elèv yo ap respekte otorite manm pèsonèl ki nan lòt lekòl la.
- Si yon elèv gen yon entèraksyon negatif ak nenpòt manm nan kominote kolektif nou an, elèv la ta dwe enfòme yon manm pèsonèl la epi pèmèt responsab lekòl la oswa reprezantan yo rezoud sitiyasyon an.
- Elèv k ap deplase nan lekòl la a pye yo bezwen konpòte tèt yo tankou si yo te nan koulwa lekòl la: deplase sou twotwa a san danje epi nan lòd; jete fatra kòmsadwa; pa flannen deyò oswa tou pre bilding lekòl la; epi sonje ke yo se reprezantan KIPP epi trete tout manm kominote katye yo a avèk respè. Si elèv yo pa swiv atant sa yo, sa ap gen menm konsekans ke si yo te lekòl la nan moman an.
- Fanmi ki kondwi elèv yo pou ale oswa pou soti nan lekòl la pa dwe bloke aksè nan lekòl la oswa lakoz lòt deranjman nan sikilasyon an.
- An jeneral, tout manm kominote lekòl la bezwen sansib pou jan aksyon yo afekte vwazen lekòl la nan lekòl la ak ozalantou li.

**Nitrisyon**
Nou ofri manje maten ak manje midi gratis pou tout elèv nou yo. Bon nitrisyon sipòte devlopman sèvo a an sante. Se poutèt sa, ti goute ak pla yo pote sot lakay yo ta dwe swiv direktiv sa yo. KIPP Boston ak KIPP Lynn ankouraje fanmi ki bay elèv yo manje pou manje lekòl la, pou yo swiv direktiv "Smart Snacks in Schools", yo bay an repons a Healthy, Hunger-Free Act 2010 la.

## Restriksyon sou pote manje/bwason nan lekòl la

**Kanpis KIPP Academy Boston & KIPP Academy Lynn yo sansib sou nwa.** Elèv yo ak anplwaye yo ka pote pistach ak nwa (ak pwodwi ki melanje) sou lakou lekòl la. Nou mande fanmi nou yo reflechi sou altènativ pistach/nwa pou manje midi elèv yo ak ti goute yo an konsiderasyon pou timoun nou yo ki gen gwo alèji ki menase lavi yo.

**Manje yo pote pou pataje oswa distribye yo pa ka gen okenn engredyan pistach oswa nwa, san wete lwil pistach/nwa oswa farin pistach/nwa.** Elèv yo ak fanmi yo **pa** dwe pote bagay kwit ki fèt lakay ou pou distribye nan lekòl la, eksepte Evènman Fanmi yo Patwone yo òganize <u>apre lè lekòl la</u>. Elèv yo ak fanmi yo ka pote atik pou manje yo achte nan magazen pou evènman yo toutotan atik sa yo gen etikèt engredyan yo byen klè sou yo epi yo pa gen pistach/nwa. Etikèt la dwe endike ke manje a pa gen nwa. Pou nou rezime, nou pa otorize manje ki di "ka gen pistach oswa nwa".

**Tout lekòl KIPP Massachusetts yo gen yon pwogram nitrisyon san nwa**- tout manje yo sèvi (manje maten, manje midi ak ti goute) yo san pistach/nwa. Anplwaye kafeterya nou yo ak direktè nitrisyon yo sètifye ServSafe ak Allergen Awareness. Gen yon espas opsyonèl yo deziyen pou pistach/nwa ak/oswa tab nan kafeterya nou an. Si pitit ou a gen yon dokiman alèji kont nwa epi ou vle yo chita bò tab alèji okouran, tanpri enfòme enfimyè lekòl nou an.

Si pitit ou a gen yon alèji ak pistach/nwa, tanpri asire w ke plan alèjèn yo a ajou avèk lekòl la epi preskripsyon epi-pen yo ajou. Ou ka jwenn enfòmasyon sou enfimyè lekòl la nan anyè kontak manyèl sa a.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou "Règleman Alèji ki Menase lavi nou" nan Plan Entèvansyon lè gen Ijans Medikal nou an, ou ka mande l nan resepsyon an nenpòt ki lè.

**Deklarasyon Kont Diskriminasyon**

Konfòmeman ak lwa Federal konsènan dwa sivil avèk règleman ak prensip Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA) konsènan dwa sivil yo, nou entèdi USDA ansanm ak Ajans, biwo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe oswa jere pwogram USDA yo fè diskriminasyon kont moun ki baze sou ras, koulè po, orijin nasyonal, kwayans relijye, yon andikap, laj, kwayans relijye, oswa revanch o reprezay pou aktivite yon moun te patisipe ladan avan pou defann dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA ap fè oswa finanse.

Moun ak andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram (tankou enfòmasyon ak ekriti Bray, an gran lèt, sou kasèt, Lang Siy Ameriken, elatriye), dwe kontakte Ajans (nan nivo Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou asistans yo. Moun ki soud, tande di oswa gen pwoblèm pou pale ka kontake USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. An plis, yo kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram yo nan lòt lang.

Pou depoze yon plent kont diskriminasyon, ranpli Fòmilè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA a, (AD-3027). W ap jwenn li sou entènèt nan adrès: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt bay USDA epi bay enfòmasyon yo mande nan fòmilè a sou lèt la. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele **(866) 632-9992**. Voye fòmilè ou ranpli oswa lèt ou ekri a bay USDA pa:

(1) lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;

(2) faks: (202) 690-7442; oswa

(3) imèl: program.intake@usda.gov

Enstitisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.

**Kòd abiman**

Abiman elèv la ak aparans jeneral yo ta dwe montre yon anviwònman pozitif ak respè, ki reflete fyète, ak ekspresyon nan pwòp tèt li ak idantite yo ansanm ak lekòl nou an pandan yap asire yo ke yo respekte règleman sou kòd abiman lekòl la. Tout elèv yo dwe mete inifòm KIPP la, ki se yon fason pou asire w konnen yo respekte kòd abiman an. Elèv yo dwe mete yon mayo KIPP oswa yon sweatshirt, yon pantalon ki gen koulè solid (Jan yo gen dwa san dechire), ak soulye fèmen. Si yo detèmine rad yon elèv retire eksperyans akademik ak anviwònman aprantisaj nan KIPP Boston, lè sa a elèv la ap oblije chanje rad li/atik (yo) ki konfli ak direktiv ki endike anba a. Lis anba a se direktiv ak yon apèsi sou Kòd Abiman. Gen anpil nyans ak sibtilite konsènan rad elèv yo. Finalman, Dwayen Elèv yo responsab desizyon final sou si rad elèv yo apwopriye pou biznis edikasyon an.

**Gid Kòd Abiman:**

- Elèv yo dwe mete soulye fèmen tout tan. Pa gen dwa louvri soulye, sandal, Crocs, oswa pantouf. Si elèv la antre nan bilding nan ak nenpòt soulye ki pa anfòm ak kòd abiman lekòl la, yo pap gen dwa patisipe nan aktivite atizay ki gen rapò tankou PE, oswa rekreyasyon epi yo pral espere chita pou jounen an.
- Yo pa dwe mete rad sa yo nan lekòl la:
    - Rad ki montre langaj ak/oswa senbòl profan oswa ki pa apwopriye
        - (sa vle di, referans sou dwòg oswa alkòl, referans seksyèl, senbòl afilye gang elatriye.)
    - Rad ki montre deklarasyon ofansif ki asosye ak ras, relijyon, kleb, sèk oswa gwoup
    - Nenpòt rad ki transparan ak/oswa chemiz nan vant nu
    - Chanday ak kapo
    - Pantalon sweat ak joggers
    - Bout pantalon, bout pantalon motar, jip, ak rad ki depase mitan kwis
    - Jeans oswa pantalon ki gen dechire anwo jenou an

- Chapo/Kouvèt pou Tèt/Akseswa: Elèv yo dwe retire chapo, bouchon, ak/oswa lòt kouvèti pou tèt yo, ki gen ladan kapuchon (sweday ak kapuchon), rad, bono, ak linèt solèy lè yap antre nan bilding lan ak pandan lè lekòl.
    - Eksepsyon:
    - ○ Kouvri tèt ki gen siyifikasyon relijye
    - ○ Twal, Bando, oswa nenpòt lòt materyèl/atik ki itilize pou sipòte oswa rale cheve nan do
    - ○ Kouvèti pou tèt yo mete pou rezon medikal
    - ○ Evènman espesyal ak/oswa sikonstans ki resevwa apwobasyon anplwaye yo davans
- Elèv ki vyole kòd abiman nan KIPP Academy Boston ap bezwen chanje. Yo kapab:
    - Chanje nan yon lòt pè rad yo genyen lakay yo ki an amoni ak kòd abiman lekòl la OSWA
    - yo ka prete yon chemiz/sweatshirt/pantalon KIPP pou jounen an

## Konsekans inifòm

**Klas 5yèm - 8yèm ane**

○ Elèv yo dwe rive lekòl ak inifòm apwopriye chak jou. Pou kenbe elèv yo responsab pou egzijans inifòm yo, pi ba a se yon lis konsekans pou vyolasyon inifòm yo:

- Elèv yo pral resevwa yon avètisman nan men yon manm estaf Dwayen Ekip la PREMYE fwa yo soti nan inifòm/pa respekte kòd abiman inifòm, aprè yon apèl nan telefòn lakay yo pou enfòme paran/moun kap bay swen yo.
- Si yon elèv pa gen inifòm yon dezyèm fwa, yap resevwa yon DEZYÈM avètisman yon manm Ekip Dwayen an aprè yon apèl nan telefòn bay paran/responsab li pou enfòme yo sou enfraksyon espesifik inifòm lan.
- Si yon elèv pa gen inifòm yon TWAZIYÈM fwa, yo pral gen yon detansyon otomatik epi yo pral sèvi li ak Dwayen Asosye nan nivo klas li a.
- Si yon elèv pa gen inifòm nan 4 fwa oswa plis, yap bay yon Detansyon Otomatik aprè lekòl chak fwa epi yo pral bezwen fè yon konferans pou paran pou diskite sou règleman sou inifòm ak yon manm Ekip Lidèchip la.
- Elèv ki pa gen chemiz oswa pantalon inifòm kòrèk la ap bezwen rele lakay yo pou wè si yo ka pote rad inifòm apwopriye lekòl pou yo chanje.
    - Gen lè elèv yo ka prete yon atik inifòm nan lekòl la ki dwe retounen anvan elèv la retounen lakay ou. Sepandan, lekòl la pa oblije bay rad inifòm siplemantè epi li pa ka garanti opsyon sa yo disponib.

**Telefòn Pòtab ak Lòt Aparèy Elektwonik**

Si yon elèv pote yon telefòn selilè nan lekòl la, li dwe rete etenn anndan valiz li a chak jou. Si elèv yo gen telefòn selilè yo sou moun yo pandan jounen an, yon manm pèsonèl la ap pran telefòn la pou rès jounen an.

Si a nenpòt ki moman yo jwenn yon elèv ak yon aparèy elektwonik ki limen e/oswa li sou moun nan, yon manm pèsonèl la ap konfiske aparèy la imedyatman. Si ou pa swiv règleman sou aparèy elektwonik yo sa ka lakoz:

- Aparèy la konfiske jiskaske yon manm fanmi vin reklame li
- Pèt privilèj pou pote aparèy nan lekòl la
- Lòt konsekans ki dekri nan Kòd Konduit Elèv la, tankou:
    - **1ye Ensidan** – elèv la ka oblije pote telefòn nan tounen lakay li nan fen jounen an.
    - **2yèm Ensidan** – yo pral kontakte paran yo pou vin pran telefòn nan oswa apwouve pou elèv la ale ak li lakay li.
    - **3yèm Ensidan** – yo pral kontakte paran la epi elèv la ap bezwen depoze telefòn nan chak maten nan biwo prensipal la oswa Biwo Dwayen an jiska nouvèlòd. Elèv la ap resevwa telefòn nan nan fen jounen an pou l ale lakay li.

Tanpri sonje ke valiz liv elèv yo pafwa rete poukont yo pandan jounen lekòl la, epi nou pa ka garanti sekirite aparèy ki rete anndan yo. Salklas (5yèm - 8yèm ane) gen kadna ke elèv yo ka kite telefòn yo nan kòmansman jounen an epi rekipere yo nan fen jounen an. Se poutèt sa, nou ankouraje elèv yo pou yo pa pote aparèy elektwonik chè nan lekòl la paske KIPP Academy Boston pa responsab pou bagay ki pèdi, yo vòlè oswa ki pa nan plas li.

**Règleman sou Rezo Sosyal**

Sèvi ak entènèt la gen gwo danje ladan l, patikilyèman pou rezo sosyal. Nan KIPP: MA, nou kwè ke fanmi nou yo se patnè enpòtan, menm bagay la pou pwofesè ak elèv yo, nan ede pou asire ke elèv yo sèvi ak entènèt la san danje, ak respè e konfòmeman avèk Kòd Konduit lekòl la ak politik anti-entimidasyon, ni andedan ni deyò lekòl la. Nan KIPP: MA, nou mande pou fanmi yo kontwole aktivite entènèt elèv yo, ki gen ladan yo itilizasyon entènèt sou tout tribin rezo sosyal yo, pou asire ke elèv yo an sekirite epi angaje yo nan itilizasyon entènèt respektab ki konfòm avèk tout prensip ak règleman lekòl la

Nou ankouraje fanmi nou yo li enfòmasyon Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la pibliye sou Cyber Crimes and Internet Security. Nou ka jwenn li sou sit entènèt gouvènman Commonwealth Massachusetts la http://www.mass.gov/ago/public-safety/ .

**Itilizasyon Entènèt & Teknoloji**

Lekòl KIPP MA bay entènèt ak lòt resous sou entènèt pou sipòte pwogram ansèyman ak aprantisaj apwopriye elèv. Toutpandan entènèt kapab yon zouti edikasyon pisan, li se yon espas reglemante tou ki gen materyèl ki pa apwopriye nan espas lekòl la. Pou rezon sa a, lekòl KIPP MA yo ap fè tout efò rezonab pou asire ke yo itilize resous yon fason responsab.

Akò elèv ak paran

Li enpòtan pou w konprann ke se yon *privilèj* pou elèv yo itilize entènèt lekòl KIPP MA yo. Si yo itilize li byen, resous sa a ka amelyore anpil eksperyans aprantisaj yon elèv epi bay elèv yo kantite èdtan eksplorasyon san parèy. Sepandan, nenpòt moun ki sèvi ak entènèt la mal oswa pou rezon *iregilye* avèk pwogram edikasyonèl nan lekòl KIPP MA yo ap pèdi tout privilèj rezo yo.

Itilizasyon Akseptab e Inakseptab: Entansyon lekòl KIPP MA se pou bay koneksyon entènèt pou kore aprantisaj ki konfòm avèk pwogram akademik nou yo. Nou espere elèv yo sèvi ak entènèt la pou pouswiv aktivite entelektyèl, pou jwenn aksè nan bibliyotèk ak lòt resous, epi pou yo kontinye fòme tèt yo nan lekòl KIPP MA yo. Konduit yon elèv sou entènèt TOUJOU sijè a Kòd Konduit jeneral Elèv yo, ki gen ladan l règleman ki reglemante entimidasyon ak brimad nan lekòl KIPP MA.

Gen kèk bagay sou entènèt ki gen materyèl ki *pa* fèt pou elèv yo e ki *pap* ede nan aktivite akademik lekòl KIPP MA yo. Elèv yo pa gen dwa sèvi ak entènèt nan lekòl KIPP MA yo pou konekte sou bagay sa yo, tankou sit ki gen kontni ki pa apwopriye oswa obsèn. Se menm jan an tou li pa apwopriye pou sèvi ak entènèt la nan nenpòt ki fason pou nenpòt aktivite ilegal oswa imoral, konduit ki vyole Kòd Konduit la, oswa pou rezon komèsyal oswa pou fè pwofi.

KIPP MA lekòl yo itilize yon teknoloji dènye kri (DNS Content Filtering) pou filtre epi kontwole aktivite entènèt yo e anpeche elèv yo ekspoze tèt yo nan bagay ki pa apwopriye. Sepandan, lekòl KIPP MA yo pa ka garanti tout materyèl elèv yo jwenn aksè sou entènèt la apwopriye.

Malgre ke lis sa a pa gen entansyon pou li konplè, li bay yon echantiyon nan kèk nan itilizasyon akseptab sou entènèt la ki ta ka lakoz sispansyon oswa anilasyon privilèj pou yon elèv sou entènèt:

- Sèvi ak entènèt la pou nenpòt ki aktivite ilegal, ki gen ladan l vyolasyon dwadotè oswa lòt lwa (materyèl ki gen dwadotè pa ka mete sou sistèm lan san pèmisyon otè a epitou itilizatè yo ka telechaje materyèl dwadotè pou pwòp itilizasyon yo sèlman);
- Revele nenpòt enfòmasyon ki idantifye pèsonèlman tèt ou oswa nenpòt lòt elèv oswa manm pèsonèl la sou yon sit entènèt rezo sosyal oswa chanm tchat;
- Afiche, voye oswa montre nenpòt enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl nenpòt ki minè;
- Entimidasyon sou entènèt (defini kòm entimidasyon tradisyonèl lè l sèvi avèk nenpòt ki medya elektwonik)
- Voye oswa montre foto ofansif oswa grafik, lè l sèvi avèk langaj obsèn, oswa anmède, ensilte, menase oswa abize lòt itilizatè rezo;
- Telechaje, estoke oswa enprime dosye oswa mesaj pwofàn, obsèn, oswa ki itilize langaj ki ofanse oswa ki gen tandans degrade lòt moun;
- Nenpòt aktivite sou entènèt ki ankouraje itilizasyon dwòg, alkòl, tabak, zam oswa lòt zam danjere ki ankouraje pratik imoral oswa nenpòt aktivite lalwa oswa règleman KIPP MA yo entèdi;
- Sèvi ak entènèt la pou benefis finansye oswa komèsyal;

- Degrade, vandalize oswa deranje pèfòmans ekipman, lojisyèl oswa pèfòmans sistèm oswa done yon lòt moun;
- Eseye jwenn aksè san otorizasyon nan resous oswa antite;
- Anvayi vi prive lòt moun oswa sèvi avèk yon kont yon lòt itilizatè posede;
- Afiche mesaj anonim oswa mesaj ki gen yon fo idantite;
- Jwe jwèt san otorizasyon sou entènèt la;
- Pirataj enfòmatik, "hacking", oswa nenpòt lòt manipilasyon ak materyèl oswa lojisyèl;
- Aktivite ki pèmèt yon òdinatè oswa rezo vin enfekte ak yon viris oswa lòt enfliyans destriktif.

**Siveyans Videyo**
Nan lekòl nou yo, pafwa nou itilize siveyans videyo pou ede nou asire sekirite elèv nou yo, pwofesè yo, anplwaye yo ak fanmi yo. Sa ka rive pandan envestigasyon oswa aktivite pou disipline elèv yo oswa nan kat yon retni ak lòt ankò.

---

## Politik Akademik

**Règleman sou Nòt**
Kou KIPP Academy Boston yo òganize an trimès. Elèv yo ak paran yo ap resevwa kanè kat fwa pandan ane lekòl la anplis rapò sou pwogrè peryodik ant peryòd notasyon yo.

**Rapò sou Pwogrè ak Kanè**

Chak trimès, y ap voye rapò sou pwogrè yo lakay yo nan peryòd notasyon an. Klas yo ap fèmen nan fen trimès la, epi kanè fòmèl yo pral distribye yon ti tan apre. N ap voye rapò sou pwogrè yo lakay yo nan chak trimès pou paran yo ak elèv yo ka swiv fason elèv yo ap pwogrese nan klas yo. Nan fen premye ak katriyèm trimès yo, chak fanmi ap gen yon reyinyon sou kanè a avèk pwofesè pitit yo a. Ap gen reyinyon nan lòt moman nan ane a toujou sou demann pwofesè yo, elèv yo, ak/oswa fanmi yo.

**Règleman sou Pwomosyon**

**Klas K2-4**

Y ap konsidere yon elèv pou retni si:

- Li pase mwens pase 3 nivo lekti sou pandan ane a
- Li gen 2 oswa nivo lekti oswa plis pi ba pase objektif fen ane
- Nòt li fè a pi ba pase nòt konpetans nan matematik la
- Li gen 20 absans oswa plis

**Klas 5-8**

Pou yon elèv monte nan pwochen klas la, li dwe:

- Pase tout klas akademik ak yon nòt pasaj 70 oswa plis pou ane a.
- Demontre yon valè kwasans nan lekti omwen .5 ane.
- Pa manke 20 jou oswa plis nan ane lekòl la.

Si yon elèv pa satisfè tout kritè sa yo, yo ka ranvwaye li. Y ap ranvwale yon elèv si li pa satisfè de oswa plis nan kritè ki endike pi wo a. Y ap fè paran ak elèv yo konnen si yon elèv pa sou wout pou satisfè kritè sa a pandan reyinyon yo fè pandan ane a. Direktè a ap pran tout desizyon final ak eksepsyon konsènan ranvwa ak pwomosyon yo. Elèv ki gen bezwen espesyal yo pral evalye dapre reyisit objektif IEP yo.

**Lòt Sipò Akademik**

Nan KIPP Academy Boston, nou fyè dèske nou travay toutan pou ede elèv nou yo nan pouswit siksè akademik yo. Anplis sipò nou bay tout elèv nan KIPP pou ede yo nan inisyativ akademik yo, gen sipò tou pou elèv ki gen bezwen aprantisaj espesifik (pa egzanp, elèv edikasyon espesyal, elèv k ap aprann lang anglè), gen plizyè fason espesifik anplwaye nou yo ankadre elèv ki bezwen lòt èd. Tanpri rele pwofesè pitit ou a (yo) si ou gen enkyetid sou fason pitit ou a ap vanse pou w konnen kiyès nan metòd yo k ap pi efikas pou nenpòt ki sitiyasyon.

- **Ratrapaj ak diferansyasyon an ti gwoup:** Elèv ki bezwen asistans siplemantè nan yon sijè ap benefisye yon ti tan pandan jounen lekòl la pou yon sesyon ratrapaj an ti gwoup. Sesyon sa yo ap pwograme sou baz bezwen endividyèl elèv yo ansanm ak kapasite pwofesè yo nan jounen an.
- **Pwofesè ki Disponib nan Telefòn ak Imèl:** Elèv yo ka rive jwenn nenpòt manm pèsonèl la nan telefòn selilè jouk 7:00 PM. Ap gen kèk sware kote pwofesè yo pa disponib, kidonk nan ka konsa, elèv yo ta dwe kite yon mesaj epi eseye kontakte yon lòt manm pèsonèl la pou jwenn èd.
- **Èd Endividyèl oswa an Ti gwoup:** Elèv ki nan difikilte ak yon sijè patikilye ka fè aranjman pèsonèl pou travay avèk pwofesè klas sa a pou amelyore pèfòmans li. Y ap planifye reyinyon 1-a-1 oswa an ti gwoup apre lekòl oswa chak fwa pwofesè a ak elèv la (yo) disponib.

**Echèl Nòtasyon pou Lekòl Primè (K - 4yèm Ane)**

Nòt klas lekòl primè yo baze sou yon sistèm nimerik ki chita sou deskripsyon. Gade nan tablo ki pi ba a pou asosyasyon nòt ak deskripsyon yo.

| Nòt | Deskripsyon |
|---|---|
| **4** | Depase Atant |
| **3** | Satisfè Atant |
| **2** | Toupre Atant |
| **1** | Lwen Dèyè Atant |
| **N** | Poko evalye |

**Echèl Nòtasyon pou Lekòl Segondè (5yèm - 8yèm ane)**

Nòt klas lekòl segondè yo baze sou yon sistèm nimerik ki chita sou lèt. Gade nan tablo ki pi ba a pou asosyasyon nòt, lèt ak pwen yo. Pwen yo sèvi pou kalkile mwayèn pwen elèv la (GPA). Remake byen ke lekòl segondè a pa sèvi ak "D". Devwa, ki gen ladan travay nan klas, pwojè, laboratwa, devwa, ti tès, egzamen ak tout devwa yo bay swa yon nòt depasaj oswa echèk.

| Nòt | Lèt | GPA |
|---|---|---|

| | | |
|---|---|---|
| **97-100** | A+ | 4 |
| **93-96** | A | 4 |
| **90-92** | A- | 3,667 |
| **87-89** | B+ | 3,333 |
| **83-86** | B | 3 |
| **80-82** | B- | 2,667 |
| **77-79** | C+ | 2,333 |
| **73-76** | C | 2 |
| **70-72** | C- | 1,667 |
| **Pi ba pase 70** | F | 0 |

**Gwoup Elèv Lekòl Segondè (5yèm - 8yèm ane)**

Tout elèv yo asiyen tou nan yon "gwoup" pou reyinyon chak semèn nan nivo klas nou yo. Chak gwoup gen yon konseye k ap dirije l. Elèv yo ap chita nan gwoup pa yo pandan moman Fyète yo epi yo pral devlope epi kenbe relasyon sere ak gwoup yo a pandan tout ane lekòl la.  Fanmi yo ta dwe atann y ap resevwa dènye nouvèl konseye gwoup pitit yo regilyèman.  Fanmi yo ta dwe tou wè konseye pitit yo a kòm yon pwen fokal pou tout kesyon ak enkyetid jeneral.

Tan gwoup la pral sèvi kòm yon moman pou elèv yo ranseye yo sou objektif yo ak inivèsite yo nan yon tèt a tèt ak  konseye yo, benefisye konpetans etid epi aprann travay ak kanmarad.  Gwoup elèv yo ap gen douz elèv pou pi plis, yon fason pou gen yon ekip solid ki fòme, epi tout elèv yo santi yo konekte ak yon ti gwoup nan lekòl nou an.

**Disponibilite nan Pwogram Akademik pou Elèv ki Ansent**
Fini lekòl endispansab pou siksè nan lavi ak pou siksè akademik. Pou rezon sa a, KIPP Academy Boston garanti ke elèv ki ansent yo gen aksè a tout kalite opòtinite edikasyonèl ki disponib pou tout lòt elèv yo. Diskriminasyon oswa asèlman nan men lòt kanmarad lekòl parèy yo, pwofesè yo, administratè lekòl yo ak konseye yo entèdi.

KIPP Academy Boston pa fè diskriminasyon kont okenn elèv oswa ekskli okenn elèv nan okenn pwogram edikasyonèl oswa aktivite sou baz gwosès yon elèv, akouchman, mete fen nan yon gwosès, oswa k ap rekipere nan kondisyon sa yo.

Elèv ki ansent yo gen dwa pou yo rete nan pwogram regilye oswa aktyèl lekòl yo, ki gen ladan yo plasman edikasyon espesyal nan distri a, menm bagay la pou tout aktivite ki pa nan pwogram etid, entèn, entèskolè ak pwogram gradyasyon yo. Ou dwe bay menm dokiman ki nesesè ak tout elèv pou patisipasyon w ak kalifikasyon w.

Elèv KIPP Academy Boston ki ansent yo pap ekspilse, sispann, oswa eskli nan okenn pwogram akademik oswa ekstra akademik, oswa yo dwe oblije patisipe nan pwogram lekòl yo, sèlman sou baz gwosès elèv yo, akouchman, rekiperasyon gwosès oswa revokasyon, kondisyon ki gen rapò ak gwosès, oswa kondisyon matrimonyal oswa paske yo paran.

Si KIPP Academy Boston devlope yon pwogram espesyal pou elèv ki ansent oswa ki gen rapò ak gwosès yo nan lide pou fòme elèv yo, patisipasyon nan pwogram espesyal akademik oswa ekstra akademik sa yo konplètman volontè pou elèv la e pwogram yo ofri bay elèv ki pa ansent yo konplètman volontè tou.

KIPP Academy Boston pèmèt elèv ki ansent yo patisipe nan kou fizik, paske se menm dokiman ki nesesè elèv ki ansent yo dwe bay pou patisipasyon ak tout lòt elèv yo. Si yon elèv ki ansent pa kapab patisipe nan pwogram regilye edikasyon fizik la, KIPP Academy Lynn ka devlope yon pwogram altènatif ki ap koresponn ak kondisyon li epi ki ba li, lè li fini satisfè, kredi edikasyon fizik.

KIPP Academy Boston ap toujou trete gwosès menm jan li trete lòt kondisyon medikal yo. Sèvis yo dwe bay elèv ki ansent yo menm jan ak sèvis yo bay elèv ki gen lòt andikap tanporè yo.

Si yon elèv ansent oswa ki gen pitit rate lekòl akoz gwosès oswa kondisyon medikal ki gen rapò gwosès la (ki gen ladan akouchman, foskouch, mete fen nan gwosès, ak rekiperasyon), absans yo dwe konsidere absans eskize sou nòt yon doktè ak/oswa sètifikasyon; menm jan sa nesesè pou tout elèv ki gen absans akoz kondisyon medikal yo.

Lè yo retounen soti nan yon absans eskize, yon elèv ansent dwe retounen nan KIPP Academy Boston ki gen menm sitiyasyon ak anvan konje a te kòmanse, epi yo pral pèmèt li konplete tout devwa ak tès li te rate pandan absans la nan yon nivo rezonab. Yonfwa li fin konplete devwa sa yo, elèv la ap jwen tout kredi li.

Sou rekòmandasyon doktè elèv la, yo ka akòde yon elèv ki ansent yon konje absans osi lontan ke yo jije li nesesè medikalman, kote pandan tan sa a elèv la ap gen dwa a sèvis leson patikilye ak sèvis leson patikilye yo bay elèv ki gen lòt andikap tanporè.

---

## Kòd Konduit

### Objektif

KIPP Academy Boston K-8 te kreye yon Kòd Konduit pou kreye yon anviwònman aprantisaj ki ede elèv yo devlope karaktè solid ak konpetans akademik ki nesesè pou yo viv yon vi ki gen chwa. Nou chache afime ak selebre idantite elèv nou yo ak bay valè aprantisaj kalm, lajwa, ak pwodiktif. Nou pèmèt elèv yo atravè motivatè entrensèk ak ekstèn yo pou yo pran an komen pawòl yo, ak aksyon yo pou yo ka vin lidè. Nou pratike ak anbrase woutin ak estrikti ki ankouraje yon anviwònman ki an sekirite, ki konsistan ak previzib epi itilize apwòch aktif ki chita sou lanmou ak lojik.

Nou kenbe ba a wo pou kreye anviwònman aprantisaj cho ki mennen nan yon chemen chwa ak libète elèv yo. Pwofesè yo itilize sistèm salklas kote elèv yo angaje yo ak abitid ak prensip ki anwo yo, epi fè sa an konsè ak koekipye yo ak lidèchip ansèyman.

**Dirije ak Lanmou**

Objektif nou se bati yon kilti ki chita sou lajwa. Nou pèmèt elèv yo santi yo an komen nan aprantisaj yo epi devlope motivatè entrensèk pou briye. An menm tan, nou itilize motivasyon ekstèn atravè elèv, klas, ak ankouraje tout klas pou kondwi nan abitid fò. Nan ansèyman chak jou, pwofesè yo fikse atant ak woutin ki konsistan epi kiltive eksitasyon ak kiryozite. Yo bay bon jan kalite siperyè ak ansèyman kiltirèl ki enpòtan sou yon baz chak jou, chèche anplifye vwa elèv yo otank posib, epi angaje yo nan selebrasyon natif natal. Feedback yo konsidere kòm yon zouti pou kwasans.

**Reponn a enfraksyon konpòtman ak lojik**

Kòm yon lekòl, nou opere ak transparans nan jesyon salklas epi trete elèv yo kòm yon moun. Nou asire ke elèv yo konprann epi yo ka eksplike kijan chwa yo gen enpak sou lòt moun, enkli tèt yo. Nou trete chwa inatandi kòm opòtinite pou nouvo aprantisaj atravè konsekans lojik ak konvèsasyon aprantisaj. Tou depan de sitiyasyon an, yon manm pèsonèl nan KIPP Academy Boston ka chwazi pou sipòte yon timoun nan devlopman li nan yon varyete fason, ki gen ladan men pa limite a:

- Tan lwen kanmarad yo pou reflechi poukont ou:
- Tan lwen kanmarad yo pou reflechi ak pratike ak sipò yon adilt oswa yon kamarad
- Plas altènatif plas
- Reyinyon kanmarad ak sipèvizyon adilt
- Tanporèman anile privilèj (yo)
    - Pèt tan rekreyasyon/repas an silans
- Reyinyon ti gwoup ak pwofesè a, konseye, oswa administratè a
- Konferans paran/pwofesè/elèv

Pandan ke sa yo posib repons anplwaye yo nan chwa elèv yo, anplwaye KIPP Academy Boston gen sèl diskresyon pou detèmine repons a nenpòt ak tout enfraksyon konpòtman ki rive:

- Pandan elèv la sou teren lekòl la
- Pandan elèv la ap tann nan yon estasyon bis oswa ap vwayaje ant lekòl la ak lakay li
- Pandan aktivite ak pwomnad lekòl la patwone
- Pandan tout lòt evènman ki gen rapò ak lekòl la
- Medya Sosyal ak/oswa andeyò lakou lekòl la epi lakòz dezòd anviwònman aprantisaj la.

Kominikasyon paran yo toujou priyorite lè pwoblèm konpòtman parèt. Anplwaye KIPP Academy Boston ka eseye kontakte paran yo pa telefòn, tèks, imèl, nòt lakay yo, reyinyon sou lakou lekòl la, oswa vizit lakay yo nan ka ta gen pwoblèm konpòtman, enkli fason paran an deziyen nan kòmansman ane a. Paran yo dwe reponn a kominikasyon pi vit posib nan kèlkeswa fason posib.

**Sispansyon**

Pafwa, chwa patikilye yo garanti konsekans ki pi grav pase sa yo ki nan lis pi wo a, men mwens grav pase ekspilsyon. Kidonk, KIPP Academy Boston ka itilize yon sispansyon nan lekòl oswa andeyò lekòl la. Nan KIPP Academy Boston, nou kwè li trè enpòtan pou kenbe elèv yo lekòl otank posib. Sepandan, kèk konpòtman grav ka lakòz elèv yo fè fas a sispansyon kòm konsekans. Gen kèk chwa ki ka jwenn sispansyon nan lekòl oswa andeyò lekòl la gen ladan, men yo pa limite a:

- Gwo mank respè pou yon elèv parèy
- Gwo mank respè pou pwofesè, anplwaye, vizitè, oswa founisè transpò lekòl
- Atak fizik yon lòt elèv oswa anplwaye
- Dega, detwi, oswa vòlè pwopriyete pèsonèl oswa lekòl la oswa eseye fè sa (ki gen ladan grafiti)
- Itilize oswa posede alkòl oswa pwodui tabak
- Posede yon zam

- Fè arasman sèks, rasyal, oswa nenpòt fòm oswa entimidasyon
- Sèvi ak langaj abizif, vilgè oswa profane
- Fè menas vèbal oswa fizik, vid oswa otreman
- Deklanche fo alam
- Jwèt aza
- Fosifikasyon grav, plajya, oswa fason ou kapab triche
- Kite lakou lekòl la san pèmisyon
    - Si yon elèv kite lakou lekòl la san pèmisyon, yap kontakte lapolis ak paran yo imedyatman.
- Yo akize yon krim (gade M.G.L. c. 71)
- Ofans repete pou elèv yo deja genyen yon separasyon konplè

Se Direktè a ak/oswa reprezantan Direktè deziyen an ki pral detèmine dire sispansyon an, epi si yo pral sèvi nan lekòl la oswa andeyò lekòl la, jan lalwa prevwa.

---

## Pwosedi Sispansyon & Ekspilsyon

**Sispansyon nan lekòl la (ki pa Ranvwa sou Plas)**
Sispansyon nan lekòl la se lè yo retire yon elèv nan aktivite regilye nan salklas, men pa nan lokal lekòl la, akoz konduit li. Nou sèvi ak sispansyon nan KIPP Academy Boston trè raman; nan ka kote yon elèv gen yon sispansyon andeyò lekòl la, li ka gen yon sispansyon nan lekòl la annatandan yon odyans disiplinè. Si yon elèv gen sispansyon nan lekòl la pou plis pase dis (10) jou lekòl, youn apre lòt oswa kimilativman pandan ane lekòl la, yo pral swiv pwosedi ki valab pou sispansyon alontèm yo (gade pi ba a).

Nan ka sa yo, Direktè a oblije enfòme elèv la sou enfraksyon disiplinè yo akize l la ak baz akizasyon an, epi bay elèv la yon opòtinite pou pale sou akizasyon yo epi bay eksplikasyon sikonstans ki esplike ensidan an. Menm jou yo enpoze sispansyon nan lekòl la, Direktè a dwe fè efò rezonab pou enfòme paran an sou enfraksyon disiplinè a, rezon ki fè yo konkli ke elèv la te komèt enfraksyon an ak konsekans lan. Direktè a dwe envite paran an tou nan yon reyinyon pou diskite sou konpòtman elèv la, oswa omwen fè de tantativ pou fè sa epi note sa.

**Sispansyon Andeyò lekòl la (ki pa Ranvwa sou Plas)**
Gen de kalite sispansyon andeyò lekòl la. **Yon sispansyon andeyò lekòl la akoutèm** vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la ak aktivite regilye nan salklas yo pandan dis (10) jou lekòl youn apre lòt oswa yon fason kimile pou pi plis. **Yon sispansyon andeyò lekòl la alontèm** vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la ak nan sal klas regilye pandan dis (10) jou lekòl youn apre lòt oswa yon fason kimile pou pi piti.

Direktè a pa ka enpoze yon sispansyon kòm yon sanksyon pou yon enfraksyon disiplinè san li pa bay elèv la ak paran an avi vèbal e alekri, epi bay elèv la yon opòtinite pou yon odyans sou akizasyon an epi bay paran an yon opòtinite pou patisipe nan odyans lan.

### Dwa Elèv ak Paran nan Avi sou Sispansyon Andeyò Lekòl la*

*Seksyon sa a reglemante dwa avi konsènan tout enfraksyon elèv ki ka merite sispansyon akoutèm oswa alontèm ki pa enplike enstriman danjere, sibstans ki sou kontwòl, atak sou anplwaye lekòl la, krim oswa akizasyon krim kont delenkans, ak/oswa konstatasyon krim delenkans oswa rekonesans kilpabilite, tout sa ki reglemante nan G.L. *C.71 §§37H ak 37H½, jan sa detaye pi ba a.*

Enfraksyon disiplinè elèv ki lakoz yo mete yo deyò nan salklas la (sètadi, sispansyon ak ekspilsyon) anba pwosedi regilye yo, sa ki gen ladan l avi, odyans, apèl ak sèvis edikasyon pandan ranvwa yo. Seksyon sa yo la pou bay ou enfòmasyon sou dwa sa yo.

Direktè a oblije bay elèv la ak paran an avi vèbal e alekri sa a nan lang anglè ak nan lang prensipal kay la si li pa anglè, oswa lòt mwayen kominikasyon jan sa apwopriye. Avi a dwe gen enfòmasyon sa yo:

1. enfraksyon disiplinè a;
2. baz pou chaj la;
3. konsekans potansyèl yo, tankou longè potansyèl sispansyon elèv la;
4. opòtinite pou elèv la gen yon odyans ak Direktè a konsènan sispansyon yo pwopoze a, ki gen ladan l opòtinite pou konteste akizasyon yo epi prezante eksplikasyon elèv la sou swadizan ensidan an, epi pou paran an patisipe nan odyans lan;
5. dat, lè ak kote odyans lan ap fèt;
6. dwa elèv la ak paran elèv la pou sèvis entèprèt nan odyans lan si sa nesesè pou yo patisipe;
7. si yo ka mete elèv la sou sispansyon alontèm apre odyans li avèk Direktè a, dwa pou odyans sispansyon akoutèm ak alontèm elèv la ak dwa pou fè apèl kont desizyon Direktè a bay direktè egzekitif la (gade anba a).

Direktè a oblije fè ak dokimante efò rezonab pou notifye paran an vèbalman sou opòtinite li genyen pou patisipe nan odyans lan. Direktè a sipoze fè efò rezonab, e li ka menm fè yon odyans san prezans paran an, si Direktè a te voye yon avi alekri (ki te livre de men an men, pa lapòs premye klas, lapòs sètifye, imèl, oswa nenpòt lòt metòd livrezon direktè a te antann li ak paran) e li te dokimante omwen de tantativ pou kontakte paran an nan fason paran an espesifye pou notifikasyon ann ijans yo.

Tanpri sonje ke elèv yo gen dwa pou yon konsèy oswa yon moun pwofàn nan chwa elèv la reprezante, depans yo sou kont elèv la/paran yo, nan nenpòt ak nan tout odyans konsènan disiplin elèv yo. Si yon elèv oswa yon paran vle vini ak yon avoka nan nenpòt odyans oswa reyinyon nan lekòl la, KIPP dwe enfòme imedyatman. Si yon elèv pa enfòme lekòl la anvan li vini ak yon avoka nan yon odyans, epi avoka KIPP pa prezan, KIPP ap egzèse dwa li genyen pou li anile epi repwograme reyinyon an pou asire ke avoka pa li a ka patisipe.  Repwogramasyon sa a ka retade odyans oswa reyinyon an, e si se konsa, yo pral ranvwaye disiplinè timoun nan jiskaske yo pran yon desizyon apre odyans lan oswa reyinyon repwograme a. KIPP avize chak elèv ak paran ke lekòl la ka gen yon konseye legal prezan nan nenpòt odyans ak reyinyon ki enplike disiplin elèv yo.

Nan chak ka move kondwit elèv pou sispansyon ki ka enpoze, direktè a oblije fè diskresyon nan desizyon konsekans pou enfraksyon an; anvizaje fason pou re-angaje elèv la nan aprantisaj li; epi evite itilize sispansyon alontèm nan lekòl la kòm yon sanksyon jiskaske yo te eseye lòt mwayen. Seksyon sa a esplike dwa elèv ak paran an lè Direktè a ap anvizaje ak/oswa deside aplike yon ranvwa nan lekòl la kòm yon sanksyon pou move konduit elèv yo.

Elèv ki tonbe an sispansyon anba seksyon sa a gen dwa pou resevwa sèvis edikasyonèl pandan peryòd sispansyon oswa ekspilsyon an selon Plan Sèvis Edikasyon KIPP a, ki dekri pi ba a nan Seksyon D a. Si elèv la pa nan KIPP epi/oswa li deplase al nan yon lòt distri lekòl la pandan peryòd sispansyon an, nouvo lekòl/distri/distri rezidans lan dwe swa admèt elèv la nan lekòl li yo oswa bay elèv la sèvis edikasyonèl yo selon plan sèvis edikasyon nouvo lekòl la oswa distri a.

### Dwa Odyans nan Sispansyon Akoutèm

Seksyon sa a reglemante dwa odyans pou elèv ki gen yon sispansyon akoutèm. Sispansyon akoutèm vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la ak aktivite regilye nan salklas yo pandan dis (10) jou lekòl youn apre lòt oswa mwens.

Objektif odyans lan avèk Direktè a se pou Direktè a tande epi egzamine enfòmasyon konsènan swadizan ensidan an; bay elèv la yon opòtinite pou konteste akizasyon yo epi eksplike sikonstans swadizan ensidan an; epi detèmine si elèv la te komèt enfraksyon disiplinè a, e si se sa, bay sanksyon pou enfraksyon an. Omwen, direktè a oblije diskite sou enfraksyon disiplinè a, baz akizasyon an ak nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan. Elèv la ak tout paran yo dwe gen yon opòtinite pou prezante ak pou ofri enfòmasyon, ki gen ladan l reyalite yo, ke direktè a ta dwe egzamine pou detèmine si gen lòt rekou ak lòt sanksyon ki apwopriye. Sou baz enfòmasyon ki disponib yo, ki gen ladan l sikonstans grav yo, Direktè

a dwe detèmine si elèv la te komèt enfraksyon disiplinè a, e, si se sa, ki rekou oswa sanksyon ki pral enpoze.

Direktè a oblije bay elèv la ak paran yo yon notifikasyon alekri sou desizyon ak rezon an, epi, si yo sispann elèv la, kalite ak dire sispansyon ak opòtinite pou ratrape devwa ak lòt travay lekòl la jan sa nesesè pou fè pwogrè akademik pandan peryòd ranvwa a.

## Sispansyon alontèm: Odyans ak Apèl

### Dwa Odyans

Seksyon sa a reglemante dwa odyans pou elèv ki gen yon sispansyon alontèm. Sispansyon alontèm vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la ak aktivite regilye nan salklas yo pandan plis pase dis (10) jou lekòl youn apre lòt, oswa pou plis pase dis (10) jou lekòl kimile pou plizyè enfraksyon disiplinè nan yon ane lekòl.

Objektif odyans sispansyon alontèm lan se menm ak objektif yon odyans sispansyon akoutèm. Omwen, anplis de dwa yo bay yon elèv nan yon odyans sispansyon akoutèm, elèv la ap gen dwa ki vin annapre yo pandan yon odyans sispansyon alontèm:

1. Anvan odyans lan, opòtinite pou revize dosye elèv la ak dokiman direktè a ka sèvi pou pran yon desizyon pou sispann elèv la oswa pou li pa fè sa;
2. dwa pou yon avoka oswa yon moun pwofàn reprezante elèv la selon chwa l, depans yo sou kont elèv la/paran yo;
3. dwa pou bay temwayaj nan non l epi pou prezante eksplikasyon elèv la sou swadizan ensidan an, men elèv la pa oblije fè sa;
4. dwa pou entewoje temwen lekòl la prezante; ak
5. dwa pou mande pou direktè a anrejistre odyans lan, epi pou resevwa yon kopi anrejistreman odyo sou demann lan. Si elèv la oswa paran an mande yon anrejistreman odyo, Direktè a dwe enfòme tout patisipan yo anvan odyans lan ke yo pral fè yon dosye odyo epi y ap bay elèv la ak paran li yon kopi lè yo mande sa.

Direktè a dwe bay paran an, si li prezan, yon opòtinite pou pale sou konduit elèv la epi ofri enfòmasyon, ki gen ladan l sikonstans grav yo, ke direktè a ta dwe egzamine pou detèmine sanksyon pou elèv la.

Sou baz prèv yo, Direktè a dwe detèmine si elèv la te komèt enfraksyon disiplinè a, epi, si se sa, apre li fin egzamine sikonstans grav yo ak altènativ pou sispansyon, ki rekou oswa sanksyon yo pral enpoze, nan plas oswa anplis yon sispansyon alontèm. Direktè a dwe voye desizyon an alekri bay elèv la ak paran l de men an men, lapòs sètifye, lapòs premye klas, imèl nan yon adrès paran yo bay pou kominikasyon lekòl la, oswa nenpòt lòt metòd livrezon ke direktè a ak paran antann. Si Direktè a deside sispann elèv la, desizyon ekri a ap:

1. Idantifye enfraksyon disiplinè a, dat odyans lan te fèt ak patisipan nan odyans lan;
2. Mete enfòmasyon kle yo ak konklizyon Direktè a;
3. Idantifye dire ak dat efektif sispansyon an, ansanm ak dat pou retounen lekòl la;
4. Mete avi sou opòtinite elèv la pou resevwa sèvis edikasyon pou fè pwogrè akademik pandan peryòd yo ranvwaye la;
5. Enfòme elèv la sou dwa li genyen pou fè apèl kont desizyon Direktè a pran devan Direktè Egzekitif la (sèlman si Direktè a enpoze yon sispansyon alontèm). Avi sou dwa pou apèl la dwe fèt nan lang anglè ak lang prensipal kay la si li pa pale anglè, oswa lòt

mwayen kominikasyon kote sa apwopriye, epi li dwe gen ladan l enfòmasyon sa yo ki endike nan langaj klè:

a) pwosesis pou fè apèl kont desizyon an, kote elèv la oswa paran yo dwe ranpli yon avi apèl alekri bay Direktè Egzekitif la nan lespas senk (5) jou ki vini apre dat efektif sispansyon alontèm nan; apre senk (5) jou yo, elèv la oswa paran an ka mande epi resevwa delè jiska sèt (7) jou siplemantè nan men Direktè Egzekitif la pou ranpli avi alekri a; e sa

b) sispansyon alontèm nan ap rete an vigè sof si jiskaske Direktè Egzekitif la deside anile desizyon Direktè a nan apèl la.

### Apèl pou Sispansyon Alontèm

Yon elèv ki plase an sispansyon alontèm apre yon odyans ak direktè a gen dwa pou fè apèl kont desizyon direktè a devan direktè egzekitif la.

Nan lide pou fè apèl kont desizyon direktè a pou enpoze yon sispansyon alontèm, elèv la oswa paran yo dwe ranpli yon avi apèl bay Direktè Egzekitif la nan lespas senk jou ki vini apre dat efektif sispansyon alontèm nan (apre nan senk jou apati dat efektif sispansyon alontèm nan paran an ka mande epi resevwa nan men Direktè Egzekitif la delè jiska sèt jou siplemantè pou ranpli avi alekri a). Si apèl la pa depoze alè, Direktè Egzekitif la ka refize apèl la, oswa li ka pèmèt apèl la selon volonte li, pou yon motif valab.

Direktè Egzekitif la dwe fè odyans lan nan twa jou lekòl apre demann elèv la, sòf si elèv la oswa paran an mande yon ekstansyon jiska sèt jou siplemantè, nan ka sa a Direktè Egzekitif la dwe akòde delè a.

Direktè Egzekitif la dwe fè yon efò bòn fwa pou ajoute paran an nan odyans lan, epi yo pral prezime li te fè yon efò bòn fwa si li te eseye jwenn yon jou ak yon lè pou odyans lan ki ta pèmèt paran an ak tout Direktè Egzekitif la patisipe. Direktè Egzekitif la dwe voye avi alekri bay paran an ki gen dat, lè ak kote odyans lan ap fèt.

Direktè Egzekitif la ap fè yon odyans lan pou detèmine si elèv la te komèt enfraksyon disiplinè ke yo akize l la, e si se wi, ki sanksyon sa pral ye. Y ap fè yon anrejistreman odyo nan odyans lan, elèv la oswa paran an dwe jwen yon kopi si yo mande sa.

Elèv la ak paran yo dwe gen menm dwa yo te ba yo nan odyans ak direktè a pou sispansyon alontèm nan, jan sa detaye pi wo a.

Direktè Egzekitif la dwe bay yon desizyon alekri nan lespas senk jou apre kalandriye odyans lan. Si Direktè Egzekitif la detèmine ke elèv la te komèt enfraksyon disiplinè a, Direktè Egzekitif la ka enpoze menm sanksyon an oswa yon sanksyon pi piti pase Direktè a, men li pa dwe enpoze yon sispansyon pi gran pase desizyon Direktè a te enpoze a. Desizyon Direktè Egzekitif la dwe desizyon final lekòl la.

## Ranvwa ann Ijans

Nan ka ijans ki pa enplike ni enfraksyon ki mande ekspilsyon ni elèv ki gen bezwen espesyal ki riske sispansyon pou 10 jou lekòl oswa plis youn apre lòt oswa ki konstitye yon chanjman nan plasman, Direktè a gen otorite pou retire yon elèv nan lekòl la tanporèman lè yo akize yon elèv yon enfraksyon disiplinè epi Direktè a detèmine ke prezans kontinyèl elèv la reprezante yon danje pou moun oswa pwopriyete, oswa deranje materyèlman ak sibstansyèlman lòd lekòl la, epi, selon jijman Direktè a, pa gen okenn altènativ ki disponib pou diminye danje a oswa dezòd la. Direktè a oblije notifye Direktè Egzekitif la imedyatman alekri sou yon ijans

pou ranvwaye elèv la ak rezon ki esplike sa, epi dekri danje elèv la prezante a. Ranvwa tanporè a pa dwe depase de (2) jou lekòl apre jou ranvwa ann ijans lan, pandan peryòd kote direktè a ap:

(a) fè efò imedya e rezonab pou enfòme elèv la ak paran yo oralman sou ranvwa ann ijans lan, rezon ki fè yo bezwen pou ranvwaye l ann ijans lan, enfraksyon disiplinè a, baz pou akizasyon an, sanksyon potansyèl yo, ki gen ladan longè potansyèl sispansyon elèv la;
(b) bay yon avi alekri sou yon odyans avèk Direktè a konsènan sispansyon yo pwopoze a avèk avi sou dwa ke elèv la genyen sou baz sanksyon posib ann akò avèk lwa eta a; ak
(c) Rann yon desizyon oralman menm jou avèk odyans lan, epi alekri nan jou lekòl ki vin apre a pou pita.

Direktè a pa dwe retire yon elèv nan lekòl la sou baz yon ijans pou yon enfraksyon disiplinè jiskaske dispozisyon adekwa yo te pran pou sekirite elèv la ak transpò.

**Sèvis Edikasyon Pandan Ranvwa yo ak Plan Sèvis Edikasyon nan Tout Lekòl la**
Elèv yo sispann lekòl la pandan 10 jou konsekitif oswa mwens, kit yo nan lekòl la kit yo pa lekòl la, gen opòtinite pou fè pwogrè akademik pandan peryòd sispansyon an; fè devwa; epi touche kredi rate ki gen ladan l, men se pa sa sèlman, devwa, egzamen, tès ak pwojè rate.

KIPP devlope yon Plan Sèvis Edikasyon nan tout lekòl la pou tout elèv ke yo ekspilse oswa sispann nan lekòl la pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt, kit yo nan lekòl la kit yo andeyò lekòl la. Direktè yo dwe asire yo elèv sa yo gen opòtinite pou yo fè pwogrè akademik pandan peryòd sispansyon oswa ekspilsyon an, pou yo fè devwa yo epi pou yo jwenn kredi yo rate yo, sa ki gen ladan l, men pa sa sèlman, devwa, ti tès, egzamen, atik ak pwojè yo rate yo.

Plan Sèvis Edikasyon KIPP a ka chanje, e li ka gen ladan l, men se pa sa sèlman, leson patikilye, plasman altènatif, etid endepandan ak konferans videyo.

Si KIPP ranvwaye yon elèv oswa sispann yon elèv pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt, KIPP oblije bay elèv la ak paran elèv la yon lis sèvis edikasyon altènatif. Lè elèv la ak paran elèv la chwazi yon sèvis edikasyon altènatif, lekòl la dwe fasilite epi verifye enskripsyon nan sèvis la.

Opsyon Sèvis pou elèv ki sispann pandan 10 jou lekòl oswa plis:

- Leson patikilye ekstèn
- Kou matematik ak lekti chak jou sou Skype
- Pwojè etid endepandan pou kredi klas la
- Altènatif plasman

**Ekspilsyon**

Ekspilsyon defini kòm esklizyon nan KIPP Academy Boston yon fason pèmanan selon diskresyon direktè a. Lwa Massachusetts bay direktè a otorite pou ranvwaye elèv yo san patisipasyon yo nan Komisyon Konsèy la pou enfraksyon konpòtman sa yo:

- Posede yon zam danjere ki gen ladan l, men pa sa sèlman, yon kouto oswa yon zam;
- Posede yon sibstans kontwole jan sa defini nan M. G. L. c. 94C ki gen ladan l, men pa sa sèlman, dwòg ilegal (egzanp marigwana) ak medikaman sou preskripsyon;
- Atake pèsonèl edikasyon an;
- Lè yo kondane yon elèv pou yon krim oswa yo te jwenn li koupab pou yon krim swa li rekonèt li koupab swa pa jijman; oswa
- Yon ka grav, ki defini antanke posesyon oswa itilizasyon sibstans ilegal oswa zam, atak, kraze brize, oswa vyolasyon dwa sivil yon elèv. Yon fason pratik, desizyon pou sispann olye pou ranvwaye nan ka grav yo ka depann de si direktè a detèmine ke prezans kontinyèl elèv la nan lekòl la ta gen yon gwo efè prejidis sou byennèt jeneral lekòl la.

Anplis enfraksyon ki pi wo yo, yo ka okipe vyolasyon lwa oswa òdonans leta oswa federal ki aplikab nan tèt ansanm avèk depatman polis lokal la jan lalwa otorize l.

### Pwosedi ekspilsyon

Règleman sa a reglemante pwosedi ki gen rapò ak konduit ki ka lakoz ekspilsyon. Elèv ki ekspilse dapre seksyon sa a gen dwa pou resevwa sèvis edikasyon pandan peryòd sispansyon oswa ekspilsyon dapre Plan Sèvis Edikasyon KIPP, ki dekri pi ba a. Si KIPP ranvwaye yon elèv epi/oswa li ale nan yon lòt lekòl pandan peryòd ekspilsyon an, nouvo lekòl distri/distri rezidans lan dwe swa admèt elèv la nan lekòl li yo oswa bay sèvis edikasyonèl elèv la selon plan sèvis edikasyon nouvo lekòl la oswa distri a.

### Avi pou Elèv ak Paran yo Menase Ekspilse pou Posesyon Zam Danjere oswa Sibstans Kontwole, oswa Atak sou Pèsonèl Edikasyon (anba GL c. 71, s. 37H)

Direktè a ka ekspilse nenpòt elèv yo jwenn nan lokal lekòl la oswa nan evènman lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la, ki gen ladan jwèt espòtif, ak yon enstriman danjere, ki gen ladan l, men se pa sa sèlman, yon zam oswa yon kouto. Direktè a ka ekspilse nenpòt elèv yo jwenn nan lokal lekòl la oswa nan evènman lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la, ki gen ladan jwèt espòtif, ak yon sibstans yo kontwole, ki gen ladan l, men se pa sa sèlman, marigwana, kokayin ak ewoyin. Direktè a ka ekspilse nenpòt elèv ki atake yon Direktè, Asistan Direktè, pwofesè, asistan pwofesè a oswa lòt pèsonèl edikatif nan lokal lekòl la oswa nan evènman lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la, ki gen ladan jwèt espòtif.

Nenpòt elèv yo akize ak nenpòt nan move kondwit yo detaye pi wo a gen yon opòtinite pou yon odyans devan direktè a avèk paran li oswa gadyen li. Anvan odyans lan ak anvan ekspilsyon an antre an vigè, elèv la dwe resevwa yon avi alekri sou dwa elèv la genyen nan yon odyans ak direktè a. Avi a dwe gen ladan l dat, lè ak kote odyans lan ap fèt. Paran oswa gadyen elèv la ap prezan nan odyans lan. Nan odyans lan, elèv la ka peye yon reprezantan, jwenn opòtinite pou prezante prèv ak temwen nan odyans sa a devan Direktè a, ak dwa pou konfwonte ak pou entèwoje temwen lekòl la prezante yo. Aprè odyans lan, Direktè a ka, selon diskresyon li, deside sispann olye li ranvwaye yon elèv Direktè a te deklare gen move kondwit sou baz sa ki detaye pi wo a. Anvan ekspilsyon an rantre an vigè, elèv la dwe resevwa yon avi alekri sou akizasyon yo ak sou rezon ak prèv pou ekspilsyon an. Si direktè a deside ranvwaye elèv la apre odyans lan, direktè a dwe bay elèv la ak paran elèv la notifikasyon alekri sou dwa yo genyen pou fè apèl, pwosesis pou fè apèl kont ekspilsyon an ak opòtinite pou resevwa sèvis edikasyon yo. Ekspilsyon an dwe rete anvigè anvan nenpòt odyans apèl Direktè Egzekitif la fè.

Nenpòt elèv ki te ekspilse dapre GL c. 71 §37H dwe gen dwa pou fè apèl devan Direktè Egzekitif la. Elèv yo mete deyò a ap gen dis jou apati dat ekspilsyon an pou li fè Direktè Egzekitif la konnen apèl li a. Sipèentandan an dwe fè yon odyans ak elèv la ak paran oswa gadyen elèv la. Nan odyans lan, elèv la ap gen dwa pou prezante temwayaj oral ak alekri, dwa pou gen yon avoka ak dwa pou konfwonte epi entèwoje temwen lekòl la. Objektif apèl la pa ta dwe limite sèlman pou detèmine reyèlman si wi ou non elèv la te vyole youn nan dispozisyon nan seksyon sa a.

Direktè Egzekitif la dwe gen otorite pou anile oswa chanje desizyon direktè a, ki gen ladan l rekòmande yon lòt pwogram edikasyonèl pou elèv la. Direktè Egzekitif la dwe pran yon desizyon sou apèl la nan lespas senk jou apre odyans lan. Desizyon sa a dwe desizyon final distri lekòl la konsènan ekspilsyon an.

### Avi pou elèv ak paran yo menase yon sispansyon oswa ekspilsyon ki gen rapò ak chanjman oswa krim delenkans, rezilta, oswa rekonesans kilpabilite kriminèl (GL c. 71, s. 37H ½)

Seksyon sa a aplike pou move kondwit elèv ki ka lakòz sispansyon oswa ekspilsyon sou baz akizasyon kriminèl oswa krim delenkans, rezilta oswa rekonesans kilpabilite kriminèl.

<u>Ekspilsyon Apre yon Jijman oswa Yon Rekonesans Kilpabilite pou Krim:</u>

Lè yo kondane yon elèv pou yon krim oswa sou yon jijman oswa rekonesans kilpabilite devan tribinal ki gen rapò ak yon krim oswa delenkans krimiminèl, Direktè a ka ranvwaye elèv sa a si direktè a detèmine ke prezans kontinyèl elèv la nan lekòl la ta gen yon efè ki ka lakoz gwo domaj sou byennèt jeneral lekòl la. Elèv la dwe resevwa yon notifikasyon alekri sou akizasyon ak rezon pou ekspilsyon sa a anvan ekspilsyon an antre an vigè. Elèv la dwe resevwa tou yon notifikasyon alekri sou dwa li genyen pou fè apèl ak pwosesis pou fè apèl pou ekspilsyon sa a; sepandan, ekspilsyon an dwe rete anvigè anvan nenpòt odyans apèl Direktè Egzekitif la fè.

Nenpòt elèv yo akize ak nenpòt nan move kondwit yo detaye pi wo a gen yon opòtinite pou yon odyans devan direktè a avèk paran li oswa gadyen li. Anvan odyans lan ak anvan ekspilsyon an antre an vigè, elèv la dwe resevwa yon avi alekri sou dwa elèv la genyen nan yon odyans ak direktè a. Avi a dwe gen ladan l dat, lè ak kote odyans lan ap fèt.  Paran oswa gadyen elèv la ap prezan nan odyans lan. Nan odyans lan, elèv la ka peye yon reprezantan, jwenn opòtinite pou prezante prèv ak temwen nan odyans sa a devan Direktè a, ak dwa pou konfwonte ak pou entèwoje temwen lekòl la prezante yo. Aprè odyans lan, Direktè a ka, selon diskresyon li, deside sispann olye li ranvwaye yon elèv Direktè a te deklare gen move kondwit sou baz sa ki detaye pi wo a. Anvan ekspilsyon an rantre an vigè, elèv la dwe resevwa yon avi alekri sou akizasyon yo ak sou rezon ak prèv pou ekspilsyon an.  Si direktè a deside ranvwaye elèv la apre odyans lan, direktè a dwe bay elèv la ak paran elèv la notifikasyon alekri sou dwa yo genyen pou fè apèl, pwosesis pou fè apèl kont ekspilsyon an ak opòtinite pou resevwa sèvis edikasyon yo.  Ekspilsyon an dwe rete anvigè anvan nenpòt odyans apèl Direktè Egzekitif la fè.

Nenpòt elèv ki te ekspilse nan lekòl la dapre GL c. 71 §37H ½  dwe gen dwa pou fè apèl devan Direktè Egzekitif la.  Elèv la dwe notifye Direktè Egzekitif la, alekri, konsènan demann li pou yon apèl senk jou apre dat efektif ekspilsyon an pou pita. Direktè Egzekitif la dwe fè yon odyans ak elèv la ak paran elèv la nan lespas twa jou apre demann lan. Nan odyans lan, elèv la ap gen dwa pou prezante temwayaj oral e alekri pou tèt li, dwa pou gen yon avoka ak dwa pou konfwonte epi entèwoje temwen lekòl la. Direktè Egzekitif la dwe gen otorite pou ranvèse oswa chanje desizyon direktè a, ki gen ladan l rekòmande yon lòt pwogram edikasyonèl pou elèv la. Direktè Egzekitif la dwe pran yon desizyon sou apèl la nan lespas senk jou apre odyans lan. Desizyon Direktè Egzekitif la dwe desizyon final lekòl la konsènan ekspilsyon an.

### Sèvis Edikasyon Apre Ekspilsyon ak Plan Sèvis Edikasyon nan tout lekòl la

Elèv yo ekspilse lekòl la pandan 10 jou konsekitif oswa mwens, kit yo nan lekòl la kit yo pa lekòl la, gen opòtinite pou fè pwogrè akademik pandan peryòd sispansyon an; fè devwa; epi touche kredi rate ki gen ladan l, men se pa sa sèlman, devwa, egzamen, tès ak pwojè rate.

KIPP devlope yon Plan Sèvis Edikasyon nan tout lekòl la pou tout elèv ke yo ekspilse nan lekòl la. Direktè yo dwe asire yo elèv sa yo gen opòtinite pou yo fè pwogrè akademik pandan peryòd ekspilsyon an, pou yo fè devwa yo epi pou yo jwenn kredi yo rate yo, sa ki gen ladan l, men pa sa sèlman, devwa, ti tès, egzamen, atik ak pwojè yo rate yo.

Plan Sèvis Edikasyon KIPP a ka chanje, e li ka gen ladan l, men se pa sa sèlman, leson patikilye, plasman altènatif, etid endepandan ak konferans videyo.

Si KIPP ranvwaye yon elèv pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt, KIPP oblije bay elèv la ak paran elèv la yon lis sèvis edikasyon altènatif. Lè elèv la ak paran elèv la chwazi yon sèvis edikasyon altènatif, lekòl la dwe fasilite epi verifye enskripsyon nan sèvis la.

Opsyon Sèvis pou elèv yo:

- Leson patikilye ekstèn
- Kou matematik ak lekti chak jou sou Skype
- Pwojè etid endepandan pou kredi klas la

- Altènatif plasman

**Disiplin pou Elèv ki Gen Bezwen Espesyal**
Tout elèv yo dwe ranpli egzijans sou konpòtman jan sa endike nan manyèl sa a. Anplis pwoteksyon legal yo bay tout elèv dapre lwa federal ak lwa ki aplikab yo, IDEA, Seksyon 504 ak règleman ki enpòtan yo egzije pou pran dispozisyon siplemantè pou elèv ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyal oswa lekòl la konnen oswa ki gen rezon pou konnen li ta ka kalifye pou sèvis sa yo. Elèv yo jwenn ki gen yon andikap ki gen enpak sou yon gwo aktivite enpòtan, jan sa defini nan § 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon, anjeneral, yo gen dwa tou pou ogmante pwosedi pwoteksyon anvan yo enpoze yo disiplin. Pwosedi annapre yo valab nan disiplin elèv ki gen andikap yo:

- Plan Edikasyon Pèsonalize (Individualized Education Plan, IEP) pou chak elèv ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo dwe endike yo ka atann pou elèv la satisfè kòd disiplin regilye lekòl la oswa si se leka kijan kòd la ta dwe modifye pou reponn ak endividyèl elèv la.
- Anvan yo mete yon elèv ki gen yon andikap deyò lekòl la pou plis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl oswa sibi yon modèl ranvwa ki konstitye yon "chanjman plasman", Ekip IEP a (ki ka gen ladan l administratè bilding, paran an (yo) ak kèk manm enpòtan) ap rankontre nan yon reyinyon yo rele "Detèminasyon Prèv" pou detèmine relasyon ki genyen ant andikap elèv la ak konpòtman l lan. Objektif reyinyon Detèminasyon Prèv la se pou detèmine si konduit an kesyon an chita sou andikap elèv la oswa li te gen yon relasyon dirèk e sibstansyèl ak li, OSWA si konduit an kesyon an se konsekans dirèk lekòl la ki pa rive aplike IEP elèv la.
- Si Ekip IEP a detèmine ke konduit elèv la pa t yon prèv andikap elèv la, lekòl la ka disipline elèv la daprè pwosedi ak penalite ki aplikab pou tout elèv, jan sa endike nan manyèl sa a, men l ap kontinye bay yon edikasyon piblik ki apwopriye gratis pou elèv la. Ekip IEP elèv la ap idantifye sèvis ki nesesè pou bay yon edikasyon piblik ki apwopriye gratis pandan peryòd esklizyon an, egzamine nenpòt plan entèvansyon konpòtman ki egziste deja oswa, lè sa apwopriye, fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl. Lè sa apwopriye, yo pral anvizaje yon plan entèvansyon konpòtmantal oswa reyalize yon analiz konpòtman fonksyonèl tou pou elèv ki kalifye pou yon plan 504 yo.
- Si Ekip IEP a detèmine ke konduit ki mennen aksyon disiplinè a se te yon prèv andikap elèv la, yo pap oblije retire oswa eskli elèv la nan pwogram edikasyon aktyèl la sou baz konduit sa (eksepte pou kondwit ki gen rapò ak zam, dwòg), oswa sa ki lakòz aksidan grav sou kò lòt moun) jiskaske Ekip IEP a devlope, ak konsantman paran an, yon nouvo plasman oswa sof si Lekòl la jwenn yon òdonans nan men yon tribinal oswa nan Biwo Apèl pou Edikasyon Espesyal la (Bureau of Special Education Appeals, BSEA) ki otorize yon chanjman nan plasman elèv la. Ekip IEP a dwe revize, epi modifye jan sa apwopriye, nenpòt plan entèvansyon konpòtman ki egziste deja oswa fè aranjman pou yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl.
- Si yon elèv ki gen yon andikap posede oswa itilize dwòg ilegal, vann oswa mande yon sibstans kontwole, posede yon zam, oswa lakoz yon blesi grav sou kò yon lòt moun sou lakou lekòl la oswa nan yon fonksyon lekòl la, lekòl la ka mete elèv la nan yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa (Interim Alternative Educational Setting, IAES) pou jiska karannsenk (45) jou lekòl. Yon tribinal oswa yon Ofisye Odyans BSEA ka bay lòd pou plasman yon elèv ki prezante yon gwo chans pou blese tèt yo oswa lòt moun nan yon anviwònman pwovizwa apwopriye pou jiska karannsenk (45) jou lekòl san yo pa bezwen konsantman paran pou chanjman nan plasman sa a.

---

## Sòti sou Teren/Sòti nan Fen Ane

Pwogram lekòl la ka pafwa mande eksperyans aprantisaj deyò oswa evènman espesyal nan lekòl la. Pandan aktivite sa yo, li enpòtan pou tout elèv yo responsab nan konpòtman yo etadone sit aktivite a oswa evènman an se ekstansyon tanporè lakou lekòl la.

Anvan chak sòti lekòl la patwone, yo voye fich pèmisyon yo lakay elèv yo e yon paran dwe siyen li. Elèv ki pa retounen fich pèmisyon siyen an pap otorize pou yo patisipe nan sòti a.

Yo ka konsidere yon elèv pa kalifye pou yon sòti pou kèkrezon tankou, men san se pa sa sèlman: pa retounen fòmilè pèmisyon an, patisipasyon nan yon ensidan disiplinè nan yon sòti anvan, absans nan lekòl la, move konpòtman nan lekòl la nan jou anvan sòti a, elatriye. Elèv yo konsidere kòm kalifye pou ale nan yon vwayaj yo pral oblije vini lekòl la jou sa a.

Etandone deplasman yo pote eksitasyon, nou menm tou nou konprann ke kèk elèv yo ak fanmi yo ka santi yo nève pafwa. Nou kwè ke vwayaj yo esansyèl pou ekspoze ak eksperyans aprantisaj elèv nou yo. Se poutèt sa, prezans elèv yo ekstrèmman enpòtan eksepte nan ka ijans yo.

Si paran yo oswa lòt volontè ap patisipe nan sòti oswa evènman sa yo, elèv yo dwe bay moun sa yo menm respè yo ta bay pwofesè yo. Yo dwe kenbe yon konpòtman apwopriye lè w ap patisipe nan evènman lekòl la patwone, epi monte nan transpòtasyon lekòl la bay yo. Yon konpòtman pase ki pa apwopriye oswa twòp sanksyon ak/oswa sispansyon nan lekòl la, ka lakoz pèt privilèj pou asiste oswa patisipe nan sòti ak evènman klas la nan fen ane a oswa otreman.

---

## Fimen: Règleman Zewo Tabak

Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 71, Seksyon 37H entèdi tout moun, san wete pèsonèl lekòl la, itilize nenpòt pwodwi tabak nan etablisman lekòl yo, nan lakou lekòl la oswa nan bis lekòl yo. Règleman an konsène tout evènman lekòl la patwone, ki gen rapò ak lekòl la ak jwèt espòtif yo. Anplwaye ak elèv ki vyole lwa sa yo pral sijè a aksyon disiplinè.

---

## Konpòtman nan Bis

Presnsip ak règleman KIPP Academy Boston yo aplike non sèlman nan limit espas lekòl la, men tou nan bis la. Elèv yo dwe satisfè menm gwo atant sou konpòtman nan bis la ak jan sa dwe ye nan lekòl la. Nenpòt konpòtman oswa aktivite ki mete an danje sekirite lòt elèv yo oswa operasyon nan bis la entèdi. Kòd Konduit Elèv KIPP Akademi Boston an aplike pou transpò nan bis lekòl la pou sòti yo tou. Elèv ki pran bis lekòl la oswa MBTA yo dwe aji ak responsabilite ak respè nan transpò pou vini ak pou kite lekòl la. Tout règleman lekòl la aplike nan bis la, nan estasyon bis yo e pandan bis la an transpò; sa gen ladann MBTA a. Elèv ki monte MBTA yo anba prensip ak règleman ki gouvène MBTA a tou. Elèv ki pa swiv pwosedi sou MBTA a ka wè kat M-7 yo dezaktive.

Si yo sispann yon elèv nan bis la, paran/gadyen yon timoun ap responsab pou transpòte li pou ale lekòl la. Yo atann pou tout elèv yo degaje yo rantre lekòl la si yo sispann yo nan bis la. Si yon elèv ta gen plis pase 3 sispansyon pou bis, li ap pèdi privilèj bis la pou ane a, e paran/gadyen li dwe bay transpò pou elèv la pou vini ak pou li kite lekòl la chak jou.

Sanksyon pou yon move konpòtman elèv Edikasyon Espesyal ki monte nan transpò ke Plan Edikasyon Pèsonalize yo bay yo ap fèt ka pa ka.

Yo atann pou elèv yo se:

- Elèv yo dwe kenbe men yo, pye yo ak tout lòt pati nan kò andedan fenèt la.
- Elèv yo pa gen dwa jete okenn objè andedan bis la.
- Yo pa pèmèt langaj oswa jès ki pa apwopriye nan okenn moman nan bis la.
- Elèv yo dwe swiv enstriksyon chofè a toutan.
- Elèv yo dwe respekte monitè bis la ak enstriksyon monitè bis la toutan.
- Elèv yo dwe rete chita tout tan pandan bis la ap mache.
- Elèv yo pa ka manje, bwè, oswa moulen chiklèt nan bis la.
- Elèv yo dwe kenbe bis la pwòp.

- Elèv yo dwe kenbe yon volim pa deranje moun nan bis la. *(Fè bri ak pale fò pa otorize nan okenn moman eksepte pou ka ta gen ijans)*.

**Konsekans pou Vyolasyon ki gen rapò ak Transpòtasyon**

| Enfraksyon | Sanksyon* |
|---|---|
| 1ye enfraksyon | Reyinyon Paran Obligatwa:<br><br>Sanksyon posib:<br>Chanjman chèz nan bis la<br>Retni posib<br>Sispansyon bis oswa nan lekòl la selon gravite enfraksyon an avèk enfraksyon an |
| 2yèm enfraksyon | Sispansyon bis Obligatwa<br>*(1-5 jou)* |
| 3èm ofans | Sispansyon Otobis Obligatwa<br>*(6-10 jou)* |
| 4yèm enfraksyon | Sispansyon Otobis Obligatwa<br>*(10+ Jou- Rès Ane a)* |

*Sanksyon ki baze sou lekòl la tankou retni ak sispansyon ka aplike pou nenpòt ki enfraksyon nan bis la si sa nesesè. Yo pral mennen ankèt sou konpòtman ki pi grav yo (sètadi batay) epi y ap bay sanksyon menm jan ak ensidan an ki pase sou lakou lekòl la.

Sanksyon pou yon move konpòtman elèv Edikasyon Espesyal ki monte nan transpò ke Plan Edikasyon Pèsonalize yo bay yo ap fèt ka pa ka.

---

## Okenn Otomobil K ap Mache Oralanti

Lwa Jeneral Massachusetts chapit 71, seksyon 37H la entèdi tout operatè bis lekòl yo ak operatè otomobil pèsonèl yo pou y ap mache sou lakou lekòl la oswa a anviwon yon santèn (100) pye nan lakou lekòl la.

---

## Triche/Kopye kole

Triche nan devwa oswa egzamen, sèvi avèk resous ki pa apwopriye, epi kopye travay lòt moun - elèv oswa otreman - pa sèlman enjis, men nan ka kopi kole, se yon bagay ilegal.  Si elèv yo pa sèten sou yon devwa oswa si yo pa fin sèten sou yon kesyon oswa pwosedi tès yo, yo ta dwe ale jwenn pwofesè yo epi mande klarifikasyon.  Yo pral egzamine gid espesifik konsènan fason moun kapab triche epi kopye kole a ak elèv yo nan kòmansman ane lekòl la epi pandan tout ane a.  Responsab lekòl la pral finalman detèmine sanksyon ki apwopriye a, men triche, kopye kole ak kopye travay yon lòt moun se yon enfraksyon ki grav anpil epi ki ka lakoz konsekans grav.

---

## Edikasyon Seksyèl & Enfòmasyon sou Refi

Nan KIPP Academy Boston, yo pral anseye tifi ak ti gason yo edikasyon seksyèl separeman apati klas 6yèm ane. Anvan yon klas kòmanse kou sa yo, yo pral voye fich pèmisyon bay paran/gadyen yo. Paran/gadyen yo gen kapasite pou egzante pitit yo de tout oswa yon pòsyon nan pwogram edikasyon seksyèl la san okenn penalite pou pitit yo. Paran/gadyen yo ka mande tou pou wè oswa diskite sou pwogram edikasyon seksyèl y ap anseye pitit yo a.

---

## Anti-brimad

Brimad se yon krim nan Massachusetts epi yo pa pral tolere li nan KIPP Academy Boston. Brimad dwe defini kòm nenpòt metòd inisyasyon nan yon òganizasyon ki afilye KIPP, kit se sou lakou lekòl la kit se pa sou lakou lekòl la, depi se espre oswa envolontèman li mete an danje sante fizik oswa mantal nenpòt elèv oswa lòt moun. Metòd inisyasyon nou konsidere kòm brimad yo gen ladan fwete, bat, mak, fòse kalistenik, ekspoze nan move tan an, fòse konsomasyon nan nenpòt manje, likè, bwason, dwòg oswa lòt sibstans, oswa nenpòt lòt tretman brital oswa aktivite fizik fòse ki gen anpil chans pou afekte sante fizik oswa sekirite nenpòt elèv yo oswa lòt moun, oswa ki soumèt elèv sa a oswa lòt moun anba estrès mantal ekstrèm, ki gen ladan l anpeche moun dòmi oswa repoze pandan lontan oswa izolasyon pwolonje. Konsantman viktim nan pap konsidere kòm yon eskiz akseptab pou konpòtman brimad. Nenpòt moun ki nan KIPP Boston, elèv oswa anplwaye, ki temwen yon zak brimad dwe imedyatman rapòte li bay direktè a ak/oswa asistan direktè a. Anplwaye ki enplike nan brimad ap ranvwaye imedyatman. Elèv ki enplike nan brimad ap fè fas a konsekans dapre Kòd Konduit la. Tout ensidan brimad yo dwe rapòte tou swit bay lapolis lokal yo.

---

## Zam

Elèv ki posede yon zam nan lekòl la, nan evènman lekòl la patwone, oswa pandan y ap deplase ant lekòl la ak kay li ap ap ekspilse oswa pran yon sispansyon alontèm nan lekòl la. L ap konsa kit elèv la gen entansyon sèvi ak zam nan yon fason vyolan ou pa. Tanpri sonje dapre règleman lekòl la ak kòd kriminèl Boston yo, bagay ki vin annapre yo ka konsidere kòm zam:

- Zam nenpòt kalite ki gen ladan zam BB oswa zam jwèt ki sanble ak zam reyèl
- Kouto nenpòt kalite ki gen ladan kouto kwizin oswa kouto pòch
- Gaz oswa gaz lakrimojèn
- Nenpòt objè toulejou ki ka chanje pou itilize tankou yon zam oswa sanble yon zam

---

## Rechèch sou Elèv

Nan lide pou kenbe sekirite tout elèv li yo, pèsonèl KIPP Academy Boston rezève dwa pou fè rechèch sou elèv li yo ak pwopriyete elèv yo lè gen sispisyon rezonab pou sa. Si y ap mennen rechèch, lekòl la ap asire l ke vi prive elèv yo respekte nan limit ki posib, e elèv yo ak fanmi yo ap enfòme sou sikonstans ki antoure rechèch la ak rezilta yo. Biwo lekòl yo, kazye yo ak kabinè yo, yo ka asiyen pou elèv yo itilize yo, rete pwopriyete KIPP Academy Boston, e se sa ki fè, elèv yo pa ta dwe atan yo ak okenn vi prive nan espas sa yo.

---

## Plan Prevansyon & Entèvansyon kont Entimidasyon

**Apèsi sou lekòl la**

Nan dat 3 me 2010, Gouvènè Patrick te siyen *yon Lwa sou Entimidasyon nan Lekòl yo*. Lwa sa a entèdi entimidasyon ak vanjans nan tout lekòl piblik ak prive, epi li mande pou lekòl yo ak distri eskolè yo pran sèten mezi pou adrese ensidan entimidasyon yo. Pati nan lwa a (M.G.L. c. 71, § 37O) ki enpòtan pou elèv yo ak paran oswa gadyen yo konnen yo dekri pi ba a. Plan Prevansyon ak Entèvansyon Entimidasyon an ("Plan an") aplikab pou elèv ak manm estaf lekòl la, ki gen ladan, men pa limite a edikatè, lidè lekòl, enfimyè lekòl, travayè kafeterya, gadyen, chofè otobis, antrenè atletik, konseye pou yon aktivite andeyò kourikoulòm, parapwofesyonèl, anplwaye operasyon yo, founisè sèvis ki gen rapò ak anplwaye biwo rejyonal yo.

Nan KIPP Massachusetts ("KIPP MA"), yo prevwa ke tout manm nan kominote lekòl la ap trete youn ak lòt nan yon fason respè ak afime ak respè pou diferans. KIPP MA pran angajman pou l bay tout elèv yo yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite ki san entimidasyon ak entimidasyon sou entènèt. Angajman sa a se yon pati entegral nan efò konplè pou ankouraje aprantisaj, epi pou anpeche ak elimine tout fòm entimidasyon ak lòt konpòtman danjere ak deranje ki ka anpeche pwosesis aprantisaj la.

KIPP MA rekonèt ke sèten elèv ak anplwaye yo ka vin pi vilnerab pou vin sib entimidasyon, arasman, oswa takine baze sou karakteristik aktyèl oswa sa yo konnen, tankou ras, koulè, relijyon, zansèt, orijin nasyonal, sèks, sosyoekonomik, sitiyasyon, sanzabri, estati akademik, idantite sèks oswa ekspresyon, aparans fizik, oswa andikap sansoryèl, oswa pa asosyasyon ak yon moun ki gen oswa yo wè li gen youn oswa plis nan karakteristik sa yo. Lekòl la oswa distri a pral idantifye etap espesifik li pral pran pou kreye yon anviwònman ki an sekirite, ki bay sipò pou popilasyon vilnerab nan kominote lekòl la, epi bay tout elèv konpetans, konesans ak estrateji pou anpeche oswa reponn a entimidasyon, arasman, oswa takinen.

KIPP MA te etabli règleman separe diskriminasyon oswa arasman ki gen ladann sa yo oswa lòt kategori elèv yo. Pa gen anyen nan seksyon sa a ki dwe chanje obligasyon lekòl la pou repare nenpòt diskriminasyon oswa asèlman ki baze sou manm yon moun nan yon kategori legalman pwoteje dapre lwa lokal, leta oswa federal. Si w ta renmen pale ak Kowòdonatè Title IX la konsènan diskriminasyon oswa asèlman, ou ka kontakte yo nan title9@kippma.org.

KIPP MA pap tolere okenn konpòtman ilegal oswa deranje, tankou nenpòt fòm entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, oswa vanjans, nan bilding lekòl yo, sou teren lekòl la, oswa nan aktivite ki gen rapò ak lekòl la. KIPP MA pral mennen ankèt sou tout rapò ak plent sou entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, ak vanjans san pèdi tan, epi pran aksyon rapid pou mete fen nan konpòtman sa a epi retabli sans sekirite plent lan. KIPP MA pral sipòte angajman sa a nan tout aspè nan kominote lekòl la, tankou kourikoulòm, pwogram ansèyman, devlopman anplwaye, aktivite andeyò kourikoulòm, ak patisipasyon paran oswa gadyen.

Plan an se yon apwòch konplè pou abòde entimidasyon ak entimidasyon sou entènèt, epi lekòl la oswa distri a angaje nan travay ak elèv yo, anplwaye yo, fanmi yo, ajans ki fè respekte lalwa, ak kominote a pou anpeche pwoblèm vyolans. An konsiltasyon ak sikonskripsyon sa yo, KIPP MA te etabli Plan sa a pou anpeche, entèvni, ak reponn a ensidan entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, ak vanjans. Direktè a responsab pou aplikasyon ak sipèvizyon Plan an eksepte lè yon ensidan entimidasyon rapòte enplike direktè a oswa asistan direktè a kòm swadizan moun ki reponn. Nan ka sa yo, Direktè Egzekitif la oswa reprezantan li dwe responsab pou mennen ankèt sou rapò a, ak lòt etap ki nesesè pou aplike Plan an, tankou adrese sekirite swadizan plenyen an. Si Direktè Egzekitif la se swadizan repondan an, Prezidan Komisyon Konsèy la, oswa reprezantan yo ap responsab pou mennen ankèt sou rapò a, ak lòt etap ki nesesè pou aplike Plan an, tankou adrese sekirite swadizan viktim nan.

**Definisyon**

*Plizyè nan definisyon sa yo, yo kopye dirèkteman nan M.G.L. c. 71, § 37O, jan yo note pi ba a. Lekòl oswa distri yo ka ajoute yon lang espesifik nan definisyon sa yo pou klarifye yo, men yo pa ka chanje siyifikasyon yo oswa dimansyon yo. Plan yo ka genyen tou definisyon adisyonèl ki an amoni ak règleman ak pwosedi lokal yo.*

"Entimidasyon" jan sa defini nan M.G.L. c. 71, § 37O, se youn oswa plizyè elèv oswa manm pèsonèl yo itilize pou repete yon ekspresyon ekri, vèbal, oswa elektwonik oswa yon zak fizik oswa jès oswa nenpòt konbinezon ladan l, ki dirije yon sib ki:

i. Lakòz domaj fizik oswa emosyonèl nan sib la oswa domaj nan pwopriyete sib la;
ii. Mete sib la nan laperèz rezonab pou domaj tèt yo oswa domaj nan pwopriyete yo;
iii. Kreye yon anviwònman ostil nan lekòl la pou sib la;
iv. Vyole dwa sib la nan lekòl la; oswa
v. Deranje pwosesis edikasyon an oswa fonksyone nan lòd yon lekòl.

"Entimidasyon sou entènèt" se entimidasyon atravè itilizasyon teknoloji oswa aparèy elektwonik tankou telefòn, selilè, òdinatè ak entènèt. Li gen ladann, men se pa sa sèlman, imèl, mesaj enstantane, mesaj tèks, ak afichaj Entènèt sou yon miltitid de aplikasyon ak platfòm. Gade M.G.L. c. 71, § 37O pou definisyon legal sou entimidasyon sou entènèt.

"Anviwònman ostil" jan sa defini nan M.G.L. c. 71, § 37O, se yon sitiyasyon kote entimidasyon lakòz anviwònman lekòl la anvayi ak entimidasyon, ridikil, oswa joure ki ase grav oswa omniprezan pou chanje kondisyon edikasyon yon elèv.

"Repondan" se yon elèv oswa yon manm pèsonèl lekòl la ki angaje nan entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, oswa vanjans kont yon elèv.

"Reprezay" se nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa arasman ki dirije kont yon elèv ki rapòte entimidasyon, bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou entimidasyon, oswa temwen oswa ki gen enfòmasyon serye sou entimidasyon.

"Anplwaye lekòl la" gen ladan, men se pa sa sèlman, edikatè, administratè, konseye, enfimyè lekòl, travayè kafeterya, gadyen, chofè otobis, antrenè atletik, konseye nan aktivite ki pa nan kourikoulòm, anplwaye sipò, oswa parapwofesyonèl.

"Plenyen" se yon elèv oswa yon manm pèsonèl li te fè entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans kont li.

**Pwosesis plent**

A. <u>Rapòte entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans</u>

Rapò sou entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans ka fèt pa anplwaye, elèv, paran oswa gadyen, oswa lòt moun, epi yo ka oral oswa ekri. Rapò aloral ke yon manm pèsonèl la fè oswa yo dwe anrejistre alekri. Yon manm pèsonèl lekòl la oswa distri a oblije rapòte imedyatman bay direktè a nenpòt ka entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, oswa vanjans. Lè direktè a se swadizan repondan an, rapò a ta dwe fèt imedyatman bay Direktè Egzekitif la. Lè Direktè Egzekitif la se swadizan repondan an, yo ta dwe fè rapò a bay Prezidan Konsèy la. Rapò elèv yo, paran oswa gadyen legal yo, oswa lòt moun ki pa manm pèsonèl lekòl la oswa distri a, yo ka fèt anonim. Lekòl la oswa distri a pral mete yon varyete de resous rapò disponib pou kominote lekòl la ki gen ladan, men pa limite a, yon Fòm Rapò Ensidan , nimewo telefòn selilè pou tout manm pèsonèl la, ak yon adrès postal dedye.

Itilize yon Fòm Rapò Ensidan pa obligatwa kòm yon kondisyon pou fè yon rapò. Lekòl la oswa distri a pral:

1. Mete yon kopi Fòm Rapò Ensidan an nan manyèl elèv la pou elèv yo ak paran oswa responsab yo;
2. Fè li disponib nan biwo prensipal lekòl la, biwo konsèy la, biwo enfimyè lekòl la, ak lòt kote direktè a oswa reprezantan li detèmine; epi
3. Poste li sou sit entènèt lekòl la. Fòm pou Rapòte Ensidan an ap disponib nan lang ki pi komen pou elèv yo ak paran oswa gadyen yo.

Nan kòmansman chak ane eskolè, lekòl la oswa distri a pral bay kominote lekòl la, ki gen ladan, men pa sèlman, edikatè, administratè, enfimyè lekòl, travayè kafeterya, gadyen, chofè otobis, antrenè atletik, konseye nan aktivite ki pa nan kourikoulòm, parapwofesyonèl, elèv yo, ak paran oswa gadyen yo, avèk yon avi alekri sou règleman li yo pou rapòte zak entimidasyon ak vanjans. Yon deskripsyon pwosedi ak resous pou fè rapò yo, ki gen ladan non ak enfòmasyon kontak direktè a oswa moun li deziyen an, ak Direktè Egzekitif la oswa moun li deziyen an lè direktè a oswa asistan direktè a se swadizan moun ki reponn a, yo pral enkòpore nan manyèl elèv ak anplwaye yo, sou sit entènèt lekòl la oswa distri a, ak enfòmasyon sou Plan an ki disponib pou paran oswa gadyen yo.

a. Rapò pa anplwaye yo

Yon manm pèsonèl lekòl la oswa distri a oblije rapòte imedyatman bay direktè a nenpòt ka entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, oswa vanjans ke yo temwen oswa yo vin konnen. Lè direktè a se swadizan repondan an, rapò a ta dwe fèt imedyatman bay Direktè Egzekitif la. Lè Direktè Egzekitif la se swadizan repondan an, yo ta dwe fè rapò a bay Prezidan Konsèy la. Egzijans pou rapòte jan sa bay la pa limite otorite manm pèsonèl la pou reponn a ensidan konpòtman oswa disiplin ki konsistan avèk règleman ak pwosedi lekòl la oswa distri a pou jesyon konpòtman ak disiplin.

b. Rapò pa Elèv, Paran oswa Gadyen, ak lòt moun

Lekòl la oswa distri a atann pou elèv, paran oswa gadyen, ak lòt moun ki temwen oswa ki vin konnen yon egzanp entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans ki enplike yon elèv rapòte sa bay direktè a imedyatman. Yo ta dwe fè rapò a bay Direktè Egzekitif la lè direktè a se swadizan repondan an. Rapò yo ka fèt anonim, men yo pap pran okenn aksyon disiplinè kont yon swadizan repondan sèlman sou baz yon rapò anonim. Elèv, paran oswa gadyen, ak lòt moun ka mande asistans nan men yon manm pèsonèl la pou ranpli yon rapò alekri. Yo pral bay elèv yo fason pratik, ki an sekirite, prive

ak apwopriye pou laj yo pou rapòte epi diskite sou yon ensidan entimidasyon ak yon manm pèsonèl la, oswa avèk direktè a oswa reprezantan li, oswa Direktè Egzekitif oswa reprezantan li lè direktè a oswa asistan direktè a se swadizan moun ki reponn.

B. <u>Reponn a yon rapò sou entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans – Akizasyon Entimidasyon yon Elèv</u>

a. Sekirite

Anvan yo mennen ankèt konplè sou akizasyon entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans, direktè a oswa reprezantan li pral pran mezi pou evalye nesesite pou retabli yon sans sekirite pou swadizan plenyen an ak/oswa pou pwoteje swadizan moun kap plenyen an kont lòt ensidan posib. Repons pou ankouraje sekirite yo ka gen ladan, men se pa sa sèlman, kreye yon plan sekirite pèsonèl; detèmine alavans aranjman syèj pou moun kap plenyen an ak/oswa moun ki reponn a nan sal klas la, nan manje midi, oswa nan otobis la; idantifye yon manm pèsonèl ki pral aji kòm yon "moun ki an sekirite" pou plenyen an; epi chanje orè repondan an ak aksè a plenyen an. Direktè a oswa reprezantan li pral pran lòt etap pou ankouraje sekirite pandan ankèt la epi aprè ankèt la, jan sa nesesè.

Direktè a oswa reprezantan li pral aplike estrateji apwopriye pou pwoteje kont entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans yon elèv ki rapòte entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans, yon elèv ki te temwen entimidasyon, entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans, yon elèv ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt, oswa yon elèv. ki gen enfòmasyon serye sou yon zak entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans.

Omwen yon fwa chak kat ane, distri a pral administre yon sondaj Depatman Elemantè ak Segondè devlope elèv yo pou evalye klima lekòl la ak prevalans, nati, ak severite entimidasyon nan lekòl nou yo. Anplis de sa, lekòl la oswa distri a pral rapòte enfòmasyon sou ensidan entimidasyon bay Depatman an chak ane.

2. Obligasyon pou notifye lòt moun

1. <u>Avi bay paran oswa gadyen yo.</u> Lè yo detèmine ke entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans te fèt, direktè a oswa reprezantan li pral fè paran oswa gadyen moun ki responsab plent lan ak moun ki reponn a san pèdi tan konnen sa, ak pwosedi pou reponn li. Ka gen sikonstans kote direktè a oswa reprezantan l kontakte paran oswa gadyen anvan nenpòt ankèt. Avi a pral konsistan avèk règleman eta a nan 603 CMR 49.00.

2. <u>Avi pou yon lòt lekòl oswa distri</u>. Si ensidan an te rapòte a enplike elèv ki soti nan plis pase yon distri lekòl, yon lekòl endepandan, yon lekòl ki pa piblik, yon jounen edikasyon espesyal prive oswa yon lekòl rezidansyèl ki apwouve, oswa yon lekòl kolaboratif, direktè a oswa reprezantan an premye enfòme sou ensidan an pral notifye san pèdi tan nan telefòn. Ofisye Lekòl la ak Direktè Konfòmite. Ofisye anchèf lekòl la ak Direktè Konfòmite a pral notifye direktè a oswa reprezantan lòt lekòl la (yo) sou ensidan an pou chak lekòl ka pran mezi

apwopriye. Tout kominikasyon yo pral an akò ak lwa ak règleman sou enfòmasyon prive leta ak federal yo, ak 603 CMR 49.00.

3. Avi pou Lapolis. Nan nenpòt moman aprè li fin resevwa yon rapò sou entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans, ki gen ladan aprè yon ankèt, si direktè a oswa reprezantan li gen yon baz rezonab pou kwè ke akizasyon kriminèl yo ka pouswiv kont moun ki reponn a, direktè a pral notifye ajans ki fè respekte lalwa lokal la. Avi a pral konsistan avèk egzijans 603 CMR 49.00 ak akò ki etabli lokalman ak ajans ki fè respekte lalwa lokal la. Epitou, si yon ensidan rive sou teren lekòl la epi ki enplike yon ansyen elèv ki poko gen 21 lane ki pa enskri nan lekòl la ankò, direktè a oswa reprezantan li dwe kontakte ajans ki fè respekte lalwa lokal la si li gen yon baz rezonab pou kwè ke akizasyon kriminèl yo ka pouswiv kont moun ki reponn lan.

   Lè li pran detèminasyon sa a, direktè a pral, anrapò ak Plan an ak règleman ak pwosedi ki aplikab yo nan lekòl la oswa distri a, li pral konsilte avèk ofisye resous lekòl la, si genyen, ak lòt moun direktè a oswa reprezantan li konsidere apwopriye.

3. Ankèt

Direktè a oswa reprezantan l ap mennen ankèt sou tout rapò sou entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans epi, lè l fè sa, pral konsidere tout enfòmasyon ki disponib yo konnen, enkli nati akizasyon an (yo) ak laj elèv ki enplike yo. Direktè a oswa reprezantan li ka bay yon lòt anplwaye lekòl oswa distri a (ki rele envestigatè a) pou envestige swadizan ensidan an.

Pandan envestigasyon an, envestigatè a, pami lòt bagay, pral fè entèvyou ak elèv yo, anplwaye yo, temwen, paran oswa gadyen yo, ak lòt moun jan sa nesesè. Envestigatè a pral raple swadizan moun ki reponn, moun ki pote plent yo, ak temwen yo enpòtans envestigasyon an, obligasyon yo genyen pou yo di laverite epi vanjans kont yon moun ki rapòte entimidasyon oswa ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou entimidasyon estrikteman entèdi e sa pral lakòz aksyon disiplinè.

Entèvyou ka fèt pa direktè a oswa reprezantan li, lòt manm pèsonèl la jan direktè a oswa reprezantan li detèmine, epi an konsiltasyon ak konseye lekòl la, jan sa apwopriye. Nan mezi sa posib, epi dapre obligasyon yo genyen pou mennen ankèt sou pwoblèm nan, direktè a oswa reprezantan li pral kenbe konfidansyalite pandan pwosesis ankèt la. Direktè a oswa reprezantan li pral kenbe yon dosye alekri sou ankèt la.

Pwosedi pou envestige rapò sou entimidasyon ak vanjans yo pral konsistan avèk règleman lekòl la oswa distri ak pwosedi pou envestigasyon yo. Si sa nesesè, direktè lekòl la oswa reprezantan li pral konsilte yon avoka sou ankèt la.

D. Detèminasyon

Direktè a oswa reprezantan li pral pran yon detèminasyon ki baze sou tout reyalite ak sikonstans yo. Si, aprè envestigasyon an, entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans yo pwouve, direktè a oswa

reprezantan li pral pran mezi ki rezonab kalkile pou anpeche repetisyon epi asire ke moun ki pote plent lan pa gen restriksyon nan patisipe nan lekòl la oswa nan benefis nan aktivite lekòl la. Direktè a oswa reprezantan li pral: 1) detèmine ki aksyon ratrapaj ki nesesè, si genyen, epi 2) detèmine ki aksyon ki reponn ak/oswa aksyon disiplinè ki nesesè.

Tou depan de sikonstans yo, direktè a oswa moun li deziyen an ka chwazi konsilte avèk pwofesè elèv la (yo) ak/oswa konseye lekòl la, ak paran oswa gadyen moun kap plenyen an oswa moun kap reponn la, pou idantifye nenpòt pwoblèm sosyal oswa emosyonèl ki kache kontribye nan konpòtman entimidasyon an ak evalye nivo bezwen pou plis devlopman konpetans sosyal.

